

## Бзэмрэ псэмрэ зэзышэлIэж егъэджакIуэ

2-нэ нап.



## Лэжьыгъэрщ цIыху сызыщIар

3-нэ нап.



## Зыхуэбгъэфащэр уи фащэу...

4-нэ нап.

## ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

**«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ арац.**


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№141 (25.047) • 2026 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 24, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ


*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl эм къызэритамкIэ*



# Набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ

**Социальнэ ухуэныгъэхэмрэ зэгъэпэщыжын хуей инфраструктурэмрэ епха лэжьыгъэхэр зэрызэфIахыну щIыкIэм щытепсэлъыхьа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**.

«ФИГУ къэзгъэкIыжынщи, лъэпкъ проектхэмкIэ зэлэжьыпхъэу ухуэныгъи 100-м нэс диIэщ мы илъэсым, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и Макс-напэкIуэцIым. - ЗэIущIэм дыщытепсэлъыхьащ лышхыр зыпкърытхэр щагъэхъуж диспансерым епха ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр здынэсам, сымаджэщым къедза хьэблэ цIыкIум и гъуэгу инфраструктурэм ехьэлIапхъэхэм.

Къинэмыщ Iауэ, «Урысей» центрым и къудамэ къыщызэIутхыну ди мурадщ Налшык. Дэтхэнэ ухуэныгъэ лэжьыгъэми набдзэгубдзаплъэу дыкIэлъоплъ».

# Къэрал хабзэхэр зэрагъэзащIэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ республикэм Хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу гупым и зэIущIэ**.

УФ-м и Президентым пщэрылъ къазэрыщищIам ипкъ иткIэ, абы щыхэплъащ лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэкIэ хабзэр къыщызэпауд къэхъумэ ар къыщIэгъэщыным, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ зэфIагъэкI Iуэхухэм.

Апхуэдэуи зэIущIэм щытепсэлъыхьащ хабзэр къызэпауду къэралым къихьэну зи гуращэхэм зэрапэщIэт щIыкIэр, суд унафэкIэ тезыр зытралъхьауэ щхьэхуимыту яIыгъхэм аргуэру щIэпхъаджагъэ ямылэжьыным теухуауэ зэфIагъэкIхэм.

ЗэIущIэр зыхуэгъэпса Iуэхухэр къызэпкърахыу къэпсэлъащ КъБР-м и прокурор Хабаров Николай, республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру щыIэм хамэ хэкухэм къикIахэм граждан ствэ етынымрэ ахэр тхынымрэ пыщIа лэжьыгъэхэмкIэ и къудэзэ Зэгъэщтокъуэ Мурат, Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэм и унафэщI Бауаев Ахъмэт, суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм ар егъэпшыныжынымкIэ къэрал къулыкъущIапIэм и управленэм и унафэщI Демидов Александр.

ЗэIущIэм хэтахэр я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжащ, зытепсэлъыхьа унэтIыныгъэхэмкIэ адэкIэ зэфIагъэкIынухэр щыубзыхуа унафэм и проекти къащтащ.

● Гу зылъытапхъэ

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм зыхуэвгъэзэнумэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щэкIуэгъуэм и 26-м эфир занщIэкIэ цIыхухэм епсэлъэнущ - республикэм щыпсэухэм щIыналъэм и унафэщIым зыпащIэфынущ, зыхуей упщIэхэр ирату, зыгъэпIейтейхэм и гугъу ящIу е жэрдэмхэр къыхалъхьэу. Линэ занщIэм сыхьэт 15-м щIидзэнущ.

УпщIэхэр евгъэхь хъунущ МАХ-м и чат-ботымкIэ, апхуэдэуи 8 (8662) 22-93-00, 8 (928) 711-94-00 телефонхэмкIэ.



# Щ Iалэгъуалэ жыджэрхэр ирагъэблагъэ

**КъБР-м и Парламентым и депутатхэр дыгъуасэ яIущIащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм хэт щIалэгъуалэ нэхъ жыджэрхэм**.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Iегоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, депутатхэр, Щ Iалэгъуалэ палатэм хэтхэр, «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» щIыналъэ къудамэм и лы кIуэхэр, абыхэм я гъэсакIуэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, Егоровэ Татьянэ жиIащ зэIущIэр лъэныкъуитIми, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми, сэбэп яхуэхъуну къызэрилъытэр, щIалэгъуалэм Iэмал зэралэнур хабзэубзыху Iуэхущ IапIэм и лэжьыгъэм нэхъ гъунэгъуу зыщагъэгъуэзэну, къыхалъхьэ жэрдэмхэр зэрагъэзащIэм тепсэлъыхьыну.

- «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэр нэхъ щIалэхэм ящыщми, къэралым гъэсэныгъэм, щIалэгъуалэ Iуэхухэм ехьэлIауэ и мыхьэнэр занщIэу нэрылъагъу щыхъуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, илъэсиплIым къриубыдэу абы жылагъуэм пщIэ зэрыщигъуэтар, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэзышалIэ зэгухьэныгъэ зэрыхъуар, - жиIащ Егоровэм. - Зэрыгурыуэгъуэщи, абы щIалэгъуалэм я зыужьыныгъэм теухуа Iуэхугъуэ куэд дыдэ зэфIегъэкI. Нобэ абы и къудамэхэм заубгъуащи, щIыпIэ нэхъ жыжьэхэми щIалэгъуалэм Iэмал щаIэщ ныбжьэгъу къагъуэтынымкIи я жэрдэмхэр утыку кърахьэнымкIи. Аращ мы зэгухьэныгъэр адрейхэм къахэзыгъэщыр. Ди депутатхэри хэтащ щIыналъэ къудамэхэр республикэм къыщыщызэрагъэпэщым. Нобэ жытIэфынущ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм Iуэху щхьэпэ, гъэщIэгъуэн куэд и щIыбагъ къызэрыдэлъыр. ЗэщIэхъееныгъэр пионер зэгухьэныгъэм щрагъэщхь щыIэщ. Дауи, нобэ зэманыр нэгъуэщIщ, къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэри къыщыхъуащ. Ауэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ щыIахэр ди зэманми къезэгъыу жыпIэфынущ. Дэ тщыщ куэд комсомолым и лэжьыгъэм дыщыгъуазэщ, пионер зэгухьэныгъэми дыпхыкIащ, жысIэнураци, блэкIам и дерсхэри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Нэхъыщхьэращи, апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм нобэрей щIэблэр зэрыхуэныкъуэрщ, зэрыхуейрщ. Мы Iуэхум гурэ псэкIэ убгъэдыхьэпхъэщ, щIалэгъуалэр абы дихьэхын щхьэкIэ. Зэгухьэныгъэм щIалэгъуалэм зрегъэужь, егъасэ, Iэщ Iагъэ къыхрегъэх, щэнхабзэм, спортым, щIэныгъэм, нэгъуэщIхэми я зэфIэкI къыщыщрегъэлъагъуэ. А псор елъытащ зэгухьэныгъэм и пашэхэм ягъэлъагъуэ щапхъэм. Мурадыщ Iэхэр яIэну, жыджэру щытыну сохъуэхъу ди щIалэгъуалэм. Зыщывмыгъэгъупщэ, мы зэгухьэныгъэр Iэмалыфlщ фи зэфIэкIхэм хэвгъэхъуэнымкIэ, сыщогугъ ар къыфщхьэпэну».

Зэгухьэныгъэм 2026 гъэм зэфIигъэкIам зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» и щIыналъэ къудамэм и Советым и унафэщI Шыпш Аслъэн. Абы зэрыжиIамкIэ, нобэ республикэм щызэхэт зэгухьэныгъэм щIалэгъуалэрэ гъэсакIуэу мин 99,7-м щIигъу къызэщIеубыдэ, къудамэу 301-рэ мэлажьэ. Шыпшым къыхегъэщ къудамэм зыхуигъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм щIалэгъуалэ жэрдэмхэр дэIыгъыныр, хэкупсэу щIэблэр гъэсэныр, ущиныр зэращыщыр.

Зэгухьэныгъэм мы гъэм иригъэкIуэкIа Iуэхухэм къыщытеувыIэм, Шыпшым псом япэу къыхигъэщащ щIалэгъуалэ мин 24-м щIигъу къызэщIэзыубыда «Зарница 2.0» дзэ-хэкупсэ Iуэхур. Налшык и ебгъуанэ школым щыщ «Лидер-09» гупыр щIыналъэ Iыхьэм щытекIуащ икIи «Кама» гуп зэгъэуIуам хэту, урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм етIуанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ.

Апхуэдэуи Шыпш Аслъэн къытеувыIащ «Тхыдэм и хъумакIуэхэр», «Зыдэплъей балигъ», «Унагъуэ зарищэ» Iуэхухэмрэ гъэмахуэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ пIалъэм зэгухьэныгъэм зэфIигъэкIамрэ. Апхуэдэу школ лагеру 41-м, «Алые зори» муниципальнэ лагерым, сабий зэчиифIэхэм папщIэ «Антарес» центрым щыIащ сабийрэ ныбжьыщIэу мини 3,5-м нэблагъэ.

Зэгухьэныгъэм и унафэщIыр щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «Художники добра» псапэ зыпылъ Iуэхум. Абы икIи иткIэ сабий зеиншэхэм, гугъуехь пэщIэхуахэм, ныкъуэдыкъуагъ зиIэхэм зыщIагъакъуэ. Шыпшым фIыщIэ хуищIащ а Iуэхум теухуауэ закъыщIэзыгъэкъуа хьэрычэтыщIэ, BN Group Iуэхущ IапIэм и унафэщI Ныр Астемыр. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ псапэ Iуэхуу мы гъэм тIу къызэрагъэпэщащ, етIанэгъэ щэ ирагъэкIуэкIыну я мурадщ.

- Псори щIэтщIэр ди щIэблэращ икIи республикэм и Iэнатlэ псоми ди къарур нэхъри хузэхэтлъхьэн хуейуэ къыщохъу щIалэгъуалэм я зыужьыныгъэм. Зэфlэдгъэкlам сыщыхуеплъэкIыжкIэ, пэжыр жысIэнщи, ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къэслъытэр - сабийхэм дзыхь къытхуащIыныр къызэрыдэхъулIарщ. Ар си закъуэ мыхъуу, зэгухьэныгъэм дэтхэнэ и лэжьакIуэми гъэсакIуэми и ехъулIэныгъэщ. «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэр» гупышхуэ дыхъуами, зы унагъуэ дыхуэдэщ», - къыхигъэщащ Шыпшым.

ЗэщIэхъееныгъэм хыхьэн хуей щIэхъуамкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ Налшык и школ №19-м щеджэ Гугъуэтыж Идар. Абы жиIащ утыку ихьэфу, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру хэтыфу зэрыхъуар зэгухьэныгъэм зэрифIыщIэр. «Икъукlэ ди гуапэщ мыпхуэдэу депутатхэм даIущIэну, депсэлъэну, ди гупсысэхэмрэ жэрдэмхэмрэ къедгъэщIэну Iэмал дызэриIэр. «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэр» сыт щыгъуи зэрыхэлъыр щIэзыгъэхъуэну, нэхъыбэм дытрегъэгушхуэ», - жиIащ щIалэм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м и унафэщIым гъэсэныгъэмрэ сабий жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ ядэлэжьэнымкIэ и чэнджэщэгъу, гъэсакIуэ Атабиевэ Альбинэ, КъБР-м «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм адэ анэхэм я къудамэу иIэм хэтхэу Малышевхэ Сергейрэ Аннэрэ.

ЩIалэгъуалэм Iэмал яIащ я гупсысэ депутатхэм хуаIуэтэну, я жэрдэмхэмрэ мурадхэмрэ ахэр щагъэгъуэзэну, упщIэ иратыну. Дэтхэнэми и псалъэм къыхэщырт зэгухьэныгъэм и унафэщIым фIыщIэ зэрыхуищIыр.

ЩIыналъэ къудамэм и Iуэхухэмрэ жэрдэмхэмрэ ягъэзэщIэнымкIэ зэпымыууэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъум къыхэкIыу, Шыпш Аслъэн зэгухьэныгъэм и фIыщIэ тхылъхэр яритащ Егоровэ Татьянэ, Емуз Нинэ, Быф Альберт, Зыхьэ Ислъам, ЛIэужь Ахьмэд, Ерчэн Хъусен сымэ.

Зеикъуэ къуажэм и курыт школ №4-м щеджэхэу зэгухьэныгъэм хэт, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкIа Къуэдзокъуэ Самиррэ Сижажэ Аскеррэ къызэхуэсахэм пшынэр бэрэбанэрэ яхуеуащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.



# Экспортымрэ зэфIэкIымрэ зэпалъыт

● Экономикэ

**«Урысейм щащIащ» фIэщыгъэр зезыхьэ дунейпсо экспорт зэхуэс Мэзкуу къалэм щекIуэкIащ иджыблагъэ. Ар къызэригъэпэщащ Урысей экспорт центрым икIи абы и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэгъэпсауэ щытар иджырей технологие ехьэжьахэр экспортым къыщыгъэсэбэпынымкIэ щыIэ Iэмалхэрщ. Зэхуэсым хэтащ къэрал 89-м я цIыху 5000-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу абы щыIащ КъБР-м и хэщIапIэу УФ-м и Президентым деж сыт щыгъуи щыIэм и тхьэмадэ Быкъыш Ратмир**.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ къэралым и экспорт зэфIэкIхэм хэгъэхъуэнымрэ зегъэужьынымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, апхуэдэуи щагъэлъэгъуащ УФ-м къыщыщIагъэкIа продукцэфIхэр. Гулъытэ хэха хуащIащ къэралым и щIыналъэхэм хамэ къэралхэм хуаIэ сату зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъунымкIэ щыIэ Iэмалхэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, республикэм и апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм къарикIуэу, 2026 гъэм и мазибгъум сатууэ зэрагъэкIуэкIам и куэдагъыр процент 117-кIэ нэхъыбэ хъуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ: экспортым процент 28,6-кIэ, импортым проценти 10,6-кIэ хагъэхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспорт зэфIэкIым къыхэзыгъахъуэр ерыскъыхэкIэрщ. Псалъэм къыдэкIуэу, хамэ щIыналъэхэм псори зэхэту хурагъашэ продукцэхэм я процент 85,1-р абы къылъос. Апхуэдэуи экспорт зэфIэкIыфIхэр къегъэлъагъуэ республикэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексми. Нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм елъытауэ процент 39,2-кIэ абыи къыхигъэхъуащ.

КъБР-м и АПК-м нэгъуэщI щIыналъэхэм яхуригъашэ продукцэхэм мы гъэм къахыхьащ соер, ар хурагъашэ Ираным (ди АПК-м и продукцэм и процент 46,7-рэ), спиртыр (Грузием хурагъашэ, процент 20,8-рэ), хьэцэпэцэр (Иранымрэ Белоруссиемрэ хурагъашэ, процент 14,2-рэ).

Къыхэдгъэщынщи, ди республикэм и продукцэу экспортым игъакIуэхэр лIэужьыгъуэ 25-рэ мэхъу нобэ. Абыхэм я нэхъыбэр яубыд соем, спиртым, нартыхум, лэжьакIуэхэм я щыгъынхэм, псыхэкIым, крахмалым, ферментхэм, гуэдзым, маргариным, цементымрэ мывэмрэ къыхащIыкIхэм, шоколад зыхэлъ IэфIыкIэм.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж**.

## Гъэшым хагъахъуэ

**2026 гъэм и щIышылэм - жэпуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм ящыщу 8-м я мэкъумэш, фермер, уней Iуэхущ IапIэхэм зэхэту гъэшу къашам и куэдагъым хагъэхъуащ. Ахэр Бахъсэн (процент 17,9-кIэ), Лэскэн (проценти 9-кIэ), Шэрэдж (проценти 8-кIэ), Аруан (проценти 4-кIэ), Iуащхьэмахуэ (проценти 2,9-кIэ), Тэрч (проценти 2,4-кIэ), Прохладнэ (процент 1,6-кIэ) районхэмрэ Бахъсэн къалэмрэщ (процент 0,2-кIэ)**.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щIыналъэм и Iэщыхъуэхэм гъэшу къашам и куэдагъыр нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм хуэдизу къэнэжащ.

Къищынэмыщ Iауэ, 2026 гъэм и мазибгъум къриубыдэу КъБР-м и мэкъумэш, фермер, уней Iуэхущ IапIэхэм зэхэту гъэшу къашам и куэдагъыр процент 3,2-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхуэзэфIэкIам елъытауэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

## Ди къуэш республикэхэм

### КупщIафIэу зэдэлэжьэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид яхуэзащ Узбекистаным и посольствэу Урысей Федерацэм щыIэм и лIыкIуэу республикэм къэкIуахэм**.

УЗБЕКИСТАНЫМ и полномочнэ лIыкIуэу УФ-м щыIэ Асадов Ботиржон щIыгъут посольствэм и консул нэхъыщхьэ Хайриддинов Мехриддинрэ сату-экономикэ Iуэхухэмкlэ чэнджэщэгъу Абдуллаев Шамсиддинрэ. ЗэIущIэм хэтащ КъШР-м и Парламентым и унафэщI Иванов Александр.

Темрезов Рашид къыхигъэщащ а зэIущIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэныкъуитIыр адэкIэ зэдэлэжьэным, псом хуэмыдэу щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ Iэмалхэр зэрыщыIэр.

- Узбекистаным щыпсэухэр ди къуэш лъэпкъщ, тхыдэкIи хабзэкIи дызэпэгъунэгъуу. Нэхъыщхьэр дэ псори зы къэралым дыкъызэрыщалъхуарщ. Илъэс кIуам Урысеймки Узбекистанми Iэтауэ щагъэлъэпIащ Текlуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъуар икIи ар ди тхыдэкIи, щэнхабзэкIи дызэрызэпыщIар къэзыгъэлъагъуэщ. Нобэкlэ ди къалэныр Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Узбекистаным и Iэтащхьэ Мирзиёев Шавкатрэ яубзыхуа гъуэгум дытету адэкIи дызэдэлэжьэнырщ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ ди къэралхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ, - къыхигъэщащ Темрезов Рашид.

Асадов Ботиржони жиIащ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъри егъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

### Хьэсанэ Мурат и саугъэтхэм щIэбэну

АДЫГЕЙ. **Дуней псом 11-рэ и чемпион, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Хьэсанэ Мурат и саугъэтхэм щыщIэбэна ныбжьыщIэхэм самбэмкIэ я Х Урысейпсо зэхьэзэхуэ Мейкъуапэ щекIуэкIащ. Абы зэхуишэсащ къэралым и щIыналъэ 10-м къикIа щIалэгъуалэ 200-м щIигъу. Зэпеуэр щызэхэтащ «Оштен» спорт уардэунэм**.

- БЭНЭКIЭР гулъытэ хэха зыхуэтщI спорт лIэужьыгъуэхэм ящыщщ икIи мыхьэнэшхуэ идот. Илъэс къэс республикэм щыхохъуэ спорт хэщIапIэхэм, физкультурэм дихьэхэри нэхъыбэ мэхъу. НобэкIэ ди цIыхухэм я процент 61-р спортым хэтщ, - желэ АР-м и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат.

Къызэрыхигъэщащи, республикэм къэрал мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкI икIи ар и щыхьэтщ спорт Iэнатlэм зегъэужьыныр зэрефIакIуэм.

Зэпеуэхэм щытекIуахэм ираташ кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ. Гулъытэ хуащIащ тренерхэми.

**УЭРДОКЪУЭ Женя**.

● ДифІ догъэлъапІэ

# ЩІыху гуапэ, зэпІэзэрыт

**СфІэфІщ си лэжьэгъухэм, зы Іуэху къыздыпэрытхэм си тхыгъэ ятезухуэну. Езыхэм я Іэ къызыпекІуэкІкІэ цІыхур ягъэгушхуэу, я ехъулІэныгъэ утыку кърахьэу, я тхыгъэ е нэтын лІыхъужьхэм я зэфІэкІ адрейхэр щыгъуазэ ящІу, я цІэрэ я щхьэрэ ягъэІуу, щытхъу хуаІэту, атІэми я псалъэ зэхах мыхъумэ, я щхьэкІэ куздым ямыцІыхуу къызэрыгъуэгурыкІуэр къэплъытэмэ, си Іэщ1агъэм къызит фІыгъуэ гуэру къысщохъу абыхэм я гъащІэмрэ я гуащІэмрэ сытетхыхьыныр. Нэгъуэщ1 зы лъэныкъуэкІэ укъеплъмэ, сыгуитІщхьитІщ, дауэ къащыхъуну пІэрэ, ягу нэсу, езыхэр зэрыхуейуэ сатепсэлъыхьыну пІэрэ жысІэу. Сыгузавэми, апхуэдэ зы Іуэху дахэщ нобэ си къалэмыр къызыхуэсщтар. Зи макъым цІыхухэр дихьэх, зи нэтынхэр гунэс ящыхъу радиожурналисткэ Іэзэ Гъубжокъуэ Рамет э и ныбжьыр нобэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур ди щхьэусыгъуэу, ар газетеджэхэм нэхъ гъунэгъуу едгъэцІыхуну мурад тщІащ.**

РАМЕТЭ къуажэкІэ Зеикъуэ щыщщ, 1966 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м къалъхуащ. Илъэс куэд щІащ Рамет э журналист лэжьыгъэр Іэщ1агъэ зэрыхуэхъурэ. Абы лъандэрэ къыдэлажьэхэри и унафэщІхэри къыхуэзэрэзыуэ, и къалэным пылъхьэншэу пэлъэщу мэлажьэ. Хъыбарыщ1эхэмкІэ къудамэращ зи редакторри, ди щІыналъэм щекІуэкІхэр псынщІэу зэхуехьэс, я курыхыр къыхехри, ар зэгъэзэхуауэ радиокІэ къетыж.

Рамет э и гуащІэмрэ и зэфІэкІымрэ, и дуней тетыкІэмрэ и хьэл-щэнымрэ нэхъыфІу ди нэгу къыщІагъэувэну къыщохъу абы куэд щІауэ къыдэлажьэхэм, ар гъунэгъуу зыщІыхухэм.

**ТЭТРОКЪУЭ Астемыр**, *Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист:*

- Гъубжокъуэ Рамет э и балигъ гъащІэр Къэбэрдей-Балъкъэр радиом къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, ар къыддэлэжьэну радиом къэуващ. Зеикъуэ къыщыхъуа хъыджэбзым абы щыгъуэ зэрихьэр Пщыгъэушэ унэцІэрт. Къыддэлажьэуэ ар дэкІуэри, и щхьэгъусэ Гъубжокъуэ Альберт и унэцІэр къищтащ. Ахэр зэдопсэу къуитІрэ зыпхъурэ зэдагъуэтауэ, зэгурыІуэ-зэдэІуэжу, зым Іэпыхъар адрейм къищтэжу. Нэхъыжьхэр щІалэхэрати, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ ирагъэгъуэтащ, балигъ гъащІэм хыхьауэ, я щхьэ ягъэпсэужу мэлажьэ. Хъыджэбз цІыкІур иджыри еджакІуэщ.

Гъубжокъуэ Рамет э еш, щхьэх зымыщІэ, зи лэжьыгъэр фІыуэ зылъагъу бзылъхугъэщ. Радиом къыщыува япэ махуэхэм къыщыщІэдзауэ нобэр къыздэсым цІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэн, сэбэп яхуэхъун Іуэху кьелъыхъуэ, гупсысэ щхьэпэ къэзыІуэтэн псэлъэгъу кьегъуэт. Рамет э удэлэжьэну тынщ, ар ящыщкъым гугъу зрамыгъэхьын щхьэкІэ щхьэусыгъуэ къэзылъхьуэхэм. Сыт хуэдэ Іуэху и пщэ кьыдалъхьэми, ар гугъэзагъэу зэригъэзэщІэнми яужь итщ. Илъэс щэщІым щІигъукІэ узэІэбэкІыжмэ, сэ зэрысщІэжымкІэ, Рамет э и лэжьыгъэр къызэрыщІидзар сабийхэм папщІэ нэтынхэр игъэхьэзырущ. Сабийхэм уадэлэжьэныр, республикэм исхэм яфІэгъэщІэгъуэн хъун гупсысэ абыхэм кьебгъэІуэтэныр егъэлеяуэ лэжьыгъэ хьэлъэщ. Рамет э абы пэлъэща къудейкъым, атІэ а зэманым радиом имыІа нэтын къызэригъэпэщащ. «Вагъуэ цІыкІут» абы зэреджэр. А нэтыным республикэ псом зырызыххэу къыщыхищыпыкІыурэ усэ тхыным, сурэт щІыным дихьэхэр, акъылкІэ, Іэпщ1элъапщ1агъэкІэ и ныбжьэгъухэм кьахэжаныкІэр нэтыным къыхишэрт, игъэгушхуэрт. Абы кьыкІэлъыкІуащ «Дуней гъафІэ», «Куэд зэзыгъэщІэну иужь итхэр» сабий нэтынхэр. Абыхэм кьадэкІуэу, и ныбжькІэ езы Рамет э и гъунэгъухэр «Щ1алэгъуэ» нэтыным кьригъэблагъэрти, ялэжьхэм тригъэпсэлъыхьым и мызакъуэу, гъащІэм кьигъэув упщІэхэм я жэуапхэр зэгъусэу кьалъхьуэрт. Дэтхэнэ нэтыным и гугъу пщІын?! Къэбэрдей-Балъкъэр радиом икъукІэ куэд щилэжьащ Гъубжокъуэ Рамет э. Иужьрей илъэсхэм абы «Хъыбарыщ1эхэр» нэтыныр егъэхьэзырри, фІыуэ кьохъулІэ, радиоедаІуэхэр кьыхуэарэзыщ.

Сыноху эхъу, Рамет э, уи зэфІэкІхэм хэбгъахъуэ мыхъумэ хэмыщІу, уи нэтынхэмкІэ цІыхухэр арэзы пщІыуэ куэдрэ улэжьэну, уи унагъуэ дахэми гуфІэгъуэр, зэгурыІуэр, насыпыр имыкІыу, гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ къыпакІухъу, Альбертрэ уэрэ фи бын дыгъэхэм фащхьэщыту фыпсэуну, фыунэну.

**МЫЗ Ахьмэд**, *КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист:* - Нобэ хуэдэу сощІэж Рамет э япэ дыдэу сыщыІущІа махуэр: зи нэгур зэлъыІуха, унагъуэ тэмэм зэрыщагъэсар Іупщ1у плъагъу хъыджэбз укІытэх цІыкІур радиом кьагъэуват. Абы щыгъуэ сигу кьэкІаращ: ярэби, и пщэ кьыдалъхьэну лэжьыгъэ гугъум пэлъэщыну пІэрэ мы хъыджэбз щІалэр, хьэмэрэ нэхъапэхэм радиом кьэуву зыщамыгъэгувэу кІэбгъу зызыщІыжахэм я лъэужьыр ихуну пІэрэ жысІэри. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Рамет э кьигъэлэнджакъым зыпэрыува Іэнат Іэм. Щ1алэгъуалэм яхуэгъэза редакцэр кьыІэщ1алъхьэри, нэтын щІэщыгъуэхэр кьызэригъэпэщу щІидзащ. Сыт щыгъуи щІэ гуэр кьилъыхъуэу, игъэхьэзырхэм узригъэдаІуэу, пщэрылъ кьыщащ1а Іуэхур зэрихьащ. Иджы Рамет э хъыбарыщІэхэмкІэ редакцэрщ здэщыІэр. Абы екІурэ ещхьу упэрытын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ лэжьыгъэ нэхъыщхьэ псоми ущыгъуазэу ущымыту хъунукъым. А Іуэхум хуэІэижь хъуащ Рамет э. Сэ кьызэрысфІэщІымкІэ, узыбгъэдэт Іуэхур фІыуэ плъагъумэ, уи лэжьыгъэри кьохъулІэнущ. Абы и лъэныкъуэкІэ убгъэдыхьэмэ, жыпІэ хъунщ и Іэнат Іэм Рамет э хьэщыкъ хуэзэхъуауэ.

Лэжьакіуэ емызэшыжу зэрыщытым къыдэкІуэу, мыпхуэдэ зы гукъэкІыжи утыку къэсщІыну сыхуейт. Уеблэмэ а иджыпсту зи гугъу сщІынур псом ящхьэу къыщІэкІынщ. Зы гъэ, абы лъандэрэ илъэс пщыкІутху, тІощ1 дэкІагъэнщ, Жэмтхьэлэ къуажэм сыкІуат абы щыІэ щакІуэ хозяйствэм и лэжьыгъэм сытетхыхьыну. А Іуэхущ1апІэм и нэхъыжьыр Гъубжокъуэхэ ящыщт. А щІалэм и псалъэхэр ноби сщыгъупщэркъым. Дыздэуэршэрым абы жиІарат: «Рамет э цІыкІу нысэ зэрытлъагъур. Лейуэ зыгуэрым тепсэлъыхьу, зэманыр пщІэншэу игъакІуэу зэи гу лъыптэнукъым. Ар щІыжысІэращи, псори тэмэму зэдэзыхьыф бзылъхугъэ цІыкІущ. Мис абыхэмкІэ пщІэ зыхудегъэщІ. И насыпщ Рамет э хуэдэ цІыху къыщалъхуа унагъуэм, зи унагъуэ исым, зи лъэпкъ хэсым.

Университетым къызэрыщІэувыкІыу радиор лэжьап1э зыхуэхъуа, а Іэнат Іэм хуэпэж Рамет э и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуам дыщогуфІыкІ. Лэжьэгъууи, и Іэнат Іэкіи абы дызэрыхуэмыкІэрэзы щыІэкъыми, адэкІи ефІэкІуэну ди гуапэщ. Уи Іуэхумрэ уи мурадымрэ зэтехуэу мы дуней дахэм гу щыпхуэну сыноху эхъу, Рамет э!

**P.S**. *Редакцэм и лэжьакІуэхэм къытхуэнэращи, зи макъ щабэкІэ, зи гупсысэ бзыгъэкІэ, зи нэтын купщІафІэкІэ, зи жыджэрагъкІэ, зи ныбжьэгъу ІыгъкІэкІэ, зи гуп хэтыкІэкІэ апхуэдэ псалъэ гуапэхэр къэзылэжьа Рамет э къыхужаІа хъуэхъухэр щызу къыдлъысыну ди гуапэщ.*

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**

*Мы тхыгъэр зытеухуа БищІо (ЛІыгъур) Іэсият адыгэбзэр зи псэм хэлъ цІыхущ, и щхьэгъусэр Тыркум хыхьэ Анкара къалэм щыщ адыгэ щІалэщ. Зэщхьэгъусэхэм я щІалэм Абрэдж фІащащ, анэдэлъхубзэм, адыгэ хабзэм щІапІыкІ. Іэсият куэдым яцІыху адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ емызэшу. Абы и еджакІуэхэр адыгэбзэр зэзыгъащІэ балигъхэрщ. Адыгэхэри нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІахэри ирегъаджэ, онлайн-дерсхэри ирегъэкІуэкІ. Бзылъхугъэм и дунейм, лъэпкъымрэ бзэмрэ ятеухуа и гупсысэхэм зыщыдгъэгъуэзэну, ди уэршэрымкІэ щІэджыкІакІуэхэми дывдгэушэну «Адыгэ псалъэм» къедгъэблагъащ.*

# Бзэмрэ псэмрэ зэзышэлІэж егъэджакІуэ






**- Іэсият, нэхъ гъунэгъуу зыкъэдгъэцІыху, уи Іэщ1агъэм, щІэныгъэм я гугъу къытхуэщІ.**

- Хьэтуей сыщыщщ, сыкъыщыхъуащ. Ебгъуанэ классыр «тху» защІэкІэ къэзухауэ сыкъыщІэкІащ. Зыгуэрхэр къэзгупсысын, си Іэмкіэ сщІынІа зэрысфІэфІыр зыщІэ си адэ шыпхъум чэнджэщ къызитащ дизайным сыхуеджэну, дизайнымкІэ колледжым сыщІэтІысхьэн папщІэ экзамен стыну сигъэкІуащ. Псори хъарзынэу зэфІэкІат, ауэ сыщІэтІысхьакъым абы. Экономикэмрэ правэмкІэ лицейм банк Іуэхум сыщыхуеджэну тезухуащ, къыздеджа си ныбжьэгъухэр абы щІэтІысхьэрти. ФІы дыдэу къысхуэсэбэпащ банкым теухуауэ зэзгъэгъуэта щІэныгъэр. Москва сыщыщылэжьащ «Тинькофф», «Открытие» банкхэм. Налшык щІэныгъэ щызэзгъэгъуэта нэужь, Москва къыщызухащ финансхэмрэ юридическэ Іуэхухэмкіэ академиер. Къэзгъэзэжри, «Курорт «Нальчик» Іуэхущ1апІэм секретару пІалъэкІэ сыщылэжьащ, иужькІэ Москва щыІэ ди постпредствэм финансхэмкІэ чэнджэщэгъуэ сыщыІащ. Иужькіэ, банкым сыуври, унагъуэ сихьэху а Іэщ1агъэм срилэжьащ. Унагъуэ сихьэну сыщегупсысым, унэм сыщІэсу сызэлэжьын гуэр сызэрыхуейр къызгурыІуэрти, аргуэру зы Іэщ1агъэ зэзгъэгъуэтащ - Дизайнымрэ технологиемкІэ Москва щыІэ университетым сыщІэтІысхьащ. Дипломыр къысІэрыхьа нэужь, унагъуэ сихьащ. Си щхьэгъусэр Тыркум щыпсэу адыгэщ, Тыркум дыІэпхъуэныр къызыхэкІари араш. Абы бухгалтеру сыщылэжьащ.

**- Курыт еджапІэ ущылажьэркъым. Ауэ адыгэбзэр егъэджыным куууэ уепхащ. ГукІи псэкІи узыхыхьа а Іуэхум сыт щІэдзапІэ хуэхъуар?**

- Илъэсибл хъуауэ адыгэбзэм сролажьэ. Балигъхэм дерсхэр ядезгъэкІуэкІыу къыщІэздзащ. Дауи, си япэ еджакІуэр си щІалэ цІыкІурщ. Хамэ къэралым дыщыпсэурти, сыгузавэрт щІалэм и бзэр нэсу тхуемыгъэщІэнкІэ. Япэ махуэхэм щегъэжьауэ адыгэбзэкІэ сепсэлъащ. Ауэ бзэр хъумэным нэгъуэщІ Іэмал гуэрхэри къыдэщІыгъун хуейщ. «Нур» журналым и къыдэкІыгъуэхэр, Тхьэкъуахъуэ Іэуес сабийхэм адыгэбзэр егъэщІэным теухуа и лэжьыгъэхэр къытхуэсэбэпащ лъэщу. Абы дыщІыгъун хуейт уеплъ, уедаІуэ хъууэ псысэ е хъыбар цІыкІухэр. Нэхъ цІыкІу дыдэхэм яхуэгъэзауэ урысыбзэкІэ щыІэщ «Цыплёнок Цыпа» жыхуиІэ таурыхъ. Ар сэ адыгэбзэкІэ зэздзэкІри, си макъыр щІэзгъэуващ, щІалэр езгъэплъыну сыхуейти.

Сыкъэзыц1ыхухэр къызэлъэІурт адыгэбзэр зэрызрагъэщІэжын Іэмал гуэрхэмкІэ садэгуэшэну. Интернетым кьислъхьэу щІэздзащ балигъхэм бзэр зэраджын Іэмал гуэрхэр, видео теплъэгъуэ кІэщІхэр. Си напэкІуэц1ым итхэм, цІыхухэр зэреплъым, кьаэзэрыхуэщхьэпэм гу лъыстащ. Щыlэщ я сабийхэм адыгэбзэр ирагъэщІэну, чэнджэщ хуейуэ зыкъызэхуэзыгъаззэ адэ-анэхэр. Псом нэхърэ нэхъ тыншщ сабийм цІыкІуу анэдэлъхубзэр ебгъэщІэну. Ар быдзышэм щІыгъущ, лъым хэтщ. Балигъ хъуам бзэр кьищІэжьыныр нэхъ гугъущ. Кьапщтэмэ, цІыкІухэм бзэр зэрадж тхылъхэр, лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, бзэр щрагъащІэ Іуэхущ1апІэхэр щыІэщ. Гулъытэ нэхъ зыхуэтщІыпхъэу къэсщыхъур бзэр зэзыгъэщІэжыну ехъуапсэ балигъхэм папщІэ Іэмалхэрщ.

Куэдым жаІэ адыгэбзэр усабийуэ уамыгъэщІамэ, балигъ ухъуа нэужь пхузэмыгъэщІэжыну. Егъэлеяуэ сызэгуоп ар щызэхэсхІэ. Адыгэбзэм и мызакъуэу, сыт хуэдэ бзэри пхузэгъэщІэнущ. Бзэр пщІэным кьикІыр а бзэр кьызыдалъхуам, зэрысабийрэ зыІурылъым укъыкІэрымыхуу упсэлъэнракъым. Сэ урыси изогъаджэ. Адыгэбзэ хьэрфхэри урысыбзэ хьэрфхэри кириллицэм зэрытетым зы мащІэкІэ нэхъ мыхъуми нэхъ тынш ещІ ар зрагъэщІэныр. Тыркум щыпсэухэм ящыщи езгъэджащ. Абы яцІыху латин хьэрфхэм ди псалъэхэм я тхыкІэхэр ещхькъым. Ауэ абыхэми тхэкІэрэ еджэкІэрэ зрагъащІэ, я цІэр жаІэ, я лэжьыгъэм топсэлъыхь, ящІэну яфІэфІхэр жаІэф. Езгъэджахэм бзэр зэзымыгъэщІэфа кьаэхэкакъым.

Бзэр егъэджын Іуэхур щезгъэжьам куэд дыдэ сщІэ хуэдэу кьыщыщыхуж кьысхуихуэрт. Си ныбжьым кьыхэхъуэху, нэхъыбэм сегупсыс сыхуэщІащ. Бзэм теухуа программэхэр стхын щІэздзэри, гу лъыстащ бзэщІэныгъэм теухуа упщІэ куэд си пащхьэ кьызэриувэм. ИтІанэ, зи тхыкІи, кьэпсэлъыкІи, мыхьэнэи сыщыгъуазэ гуэрхэм теухуауэ «мыр мыпхуэдэу щхьэ щыту пІэрэ?» жысІэу сегупсысу щІэздзащ. Грамматикэм, фонетикэм, тхыдэм теухуа тхылъхэр кьэзгъуэтурэ седжащ. Адыгэбзэм теухуауэ егъэлеяуэ лэжьыгъэшхуэхэр зэрыщыІэр, ди бзэщІэныгъэлІхэм я гуащІэр зэрыныр кьызгурыІуащ. Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ институтым щалэжьыр дапхуэдиз, уасэ зимыІэ тхылъхэр, статьяхэр кьыщыбогъуэт абы!

**- Адыгэбзэр егъэджынымкІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр кьэбгъэсэбэпрэ?**

- Анэдэлъхубзэ зэрылъ адыгэ унагъуэм сыкъыщыхъуащ, бзэр джынымкІэ «Джэрэз» гупым сахэтащ. Си бзэр езгъэфІэкІуэну Іэмал сиІащ, жыхуэсІэщ. Кьыщыз1аІуэкІ щыІэт, «убзэщІэныгъэлІкъым», жаІэу. Абы щыгъуэ сэ лингвистикэми сыхуеджэжащ. Кьыщызухым стха диплом лэжьыгъэр теухуащ адыгэбзэр зэрырагъэдж Іэмалхэм. Абы селэжьыху куэдым сыщыгъуэзащ, кьэхутэныгъэхэр езгъэкІуэкІащ, бзэм теухуауэ щыІэ бгъэдыхьэкІэхэр зэзгъэпщащ. Адыгэбзэр ебгъэджыным щыщщ ныбжь кьэсыху бгъэдыхьэкІэ зэтемыхуэ кьызэрыхуэбгъуэтыр, абы нэмыщІ кьэлъытэн хуейщ адыгэбзэр щызригъащІэкІэ цІыхум кьигъэсэбэп бзэр зыхуэдэри. Зы щапхъэ кьэсхьынщ... КІахэ псэлъэкІэм зыщыхуэзгъэза дерсхэм сыкІуэу щытащ сэ. Тыншу зэзгъэщІащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ кьэбэрдей диалектыр согъэшэрыуэ, кІахэ кьэпсэлъыкІэр абы и лъэпкъгъуэ. Иджы а курс дыдэм урыс еджакІуэ екІуалІэмэ, сэ тыншу кьызэхъулІам ар кьэдкІэ нэхъ гугъу дехьынущ. Сэ хьэрф зытІущ зэзгъэщІэжамэ, урысым алфавитри, хьэрфхэм я кьэпсэлъыкІэри, псалъэхэм кьарыкІри зригъэщІэным зэмани гугъуехьи ирихьэлІэнущ. Зыри зымыщІэмрэ зыгуэр зыщІэмрэ зэребгъэдэжнур куэдкІэ зэщхьэщокІ. Сэ еджакІуэ куэд сиІэщ адыгэ унагъуэм кьыхэкІауэ. «Зыри сщІэркъым» жаІэу къоклуэри, Іэджи ящІэу кьыщІокІ. Зэращ1эр ямыщІэу, зы мащІэ тІэкІукІэ гупсысэм хэпшэмэ, я пкъым хэт анэдэлъхубзэр кьыщыуышэжу. Ахэр куэдрэ гъэпсэлъэн хуейщ. Мыпхуэдэу жызыІи яхэтщ: «Унэм сышпсэльэфырыкъым, уи деж сыкъоклуэри сопсэлъэф». Ар уи псэр, уи гупсысэр абы зэрытебухуэфым елъытащ. Псалъэм папщІэ, си щхьэгъусэм сэрэ дыщызэрыцІыхуам урысыбзэкІэ дызэпсалъэу кьыщІэддзат. Ауэ сэ тыркубзэр нэхъ кьэсщІэн щхьэкІэ, ззэзмызэ а бзэмкІэ сепсэлъэну сыхуей хъуамэ, кьысхудэшейртэкъым, тыншу кьызжьэдэкІыртэкъым тырку псалъэхэр. Узыщымыгъуазэм зебгъэсэн хуей мэхъу, жыхуэсІэщ.

Мы зэманым еджакІуэ 20 хуэдиз сиІэщ - гуп зытІущрэ щхьэхуэу сызыдэлажьэхэмрэ. Абыхэм яхэтщ урысхэри. Зы урыс бзылъхугъэ кьэкІуащ: «Адыгэбзэр гугъу Іейуэ жаІэ, согузавэ схуэзэмыгъэщІэнкІэ», жиІэу. Зыкъом щІауэ сыдолажьэ а бзылъхугъэм. Ззэзмызэ игу зобгъэж: «Мыр схужьыІэркъым, модрейр си гум изубыдэфыркъым, мыбдеж сщогъупщэж» ... жиІэу. Абы жызоІэ: «Иджыпсту мис мы тхыгъэм укъыскуеджащ, уи унагъуэм адыгэбзэкІэ утопсэлъыхьыф, псалъэ зыкъоми бощІэ. Пэжкъэ?» - «Пэжщ». «Иджы китаибзэкІэ е нэмыцэбзэкІэ мы тхыгъэ дыдэм укъеджэфыну е сынызэроупщІхэм а бзэхэмкІэ жэуап кьепты-фыну?» жызоІэри, «Хьэуэ», - жеІэ. АтІэ абы къокІ а бзылъхугъэм бзэр зригъэщІэныр хъарзынэу кьызэрехъулІэр. И гур иутІыпщын хуейуэ аращ.

**- «Адыгэбзэ с мамой» зыфІэпща тхылъыр мы махуэхэм кьыдэкІащ, адэ-анэхэм ар зыІэрагъэхьэну зэрыпІащІэм сыщыгъуазэщ. Абы и гугъу уэзгъэщІынут.**

- «Сыт бзэр вджыным фытезыгъэгушхуэр?» - соупщІ езгъаджэ бащхьэ кьызэрыщІэкІыр. Ар сэбэп хъунущ а щІыпІэхэм исхэм хуащІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэкэр егъэфІэкІуэнымкІэ», - жиІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил.

Щэкіуэгъуэм и 24, *гъубж*

♦**Мыщэхуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1927 гъэм** Москва кьыщызэІуахащ Опереттэм и къэрал театрыр.

♦**1956 гъэм** КПСС-м и ЦК-м унафэ кьищтащ балъкъэр, кьэрэшей, кьалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфІэгъэувэжыным теухуауэ.

♦**1947 гъэм** кьалъхуащ адыгэхэм, Кавказым я тхыдэр зыджа, АР-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Половинкинэ Тамарэ**.

♦**1966 гъэм** кьалъхуащ къэбэрдей радиожурналист **Гъубжокъуэ Раметэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Щэкіуэгъуэм и 25, *бэрэжьей*

♦**ЦІыхубзхэм залымыгъэ якІэлъезыхьэным пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и мамырщІэкъу дзэхэм я махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапІэ пшынауэхэм я махуэр**

♦**1935 гъэм** СССР-м щагъэуващ «Щ1ыхьым и дамыгъэ» орденыр.

♦**1927 гъэм** кьалъхуащ литературэдж, критик, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Шэвлокъуэ Пётр**.

♦**1933 гъэм** кьалъхуащ тхакІуэ, публицист, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **ЛІыхъусэжь Хьэжрэтбий**.

♦**1979 гъэм** кьалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Хъуакіуэ Фатіимэт**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

**КЪЫТХЭХЪУАЩ**

*Дыгъуасэ* Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 17. Абыхэм ящыщу 12-р хъыджэбз цІыкІущ, 5-р щІалэщ.

*Щэкіуэгъуэм* зэрыщІидзэрэ щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 528-рэ, илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 7730-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иззщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Щ1эблэр бгъасэмэ, къыпхуэсакъынщ, бгъэсэхъумэ, лъабжьэкІэ уихьынщ.**

# Прокурорым и нэІэ тетынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ и уполномоченнэ Бэдракъ Іэминэрэ закъыхуэзыгъэзахэм щаІущІащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ «Нэмыс» республикэ центрым.**

АБЫ къекІуэлІат щІыналъэм щыпсэу цІыхуи 9, хагъэзыхьу адэ-анэхэм алиментхэр зэрырагъэтым, къуэрылъхур и нэІэм щІэгъэувэным, соицальнэ дэІэпыкъуныгъэм, нэгъуэщІхэми ехьэлІауэ.

КІэлъыплъакІуэ ведомствэм и унафэщІым пщэрылъ ящищІащ зэрызыкъыхуагъэза дэтхэнэми ехьэлІа къэпщытэныгъэхэр замыІэжьэу ирагъэкІуэкІыну, цІыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэфІагъэувэжыну.

Іуэхур зэрекІуэкІым прокурорым и нэІэ тетынущ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Ислъамым и нур



*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар*
**ЧЭРИМ Марианнэщ**

# Дапщэ насыпым и уасэр?

**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и муфтий Эркенов Мухьэмэд-хьэжы иужьрей и хъутIбэхэм я зыр триухуат хьэгъуэлIыгъуэхэм мылъкушхуэ зэратекIуадэм къыхэкIыу, щIалэгъуалэм я унагъуэ ухуэгъуэр ягъэIэпхъуэн хуей зэрыхъум.**

«НОБЭ уи къуэм къебгъэшэнми уипхъу ебгъэшэнми сом мелуани 3 нэхърэ нэхъ мащIэ текIуадэркъым, - жиIащ муфтийм. - ЦIыху 300 къебгъэблэгъэныр Iуэху къызэрыгуэкI хъуащ. Апхуэдэ нысашэ лъапIэ къызыхуэмыгъэш щIалэгъуалэм е щIыхуэ къащтэн хуей мэхъури, ар илъэс бжыгъэкIэ япшыныж, е къахуэмышэххэу, я ныбжьыр хокIуатэ. ЩIэблэшхуэ къызыщIэхъуэхэми дащыщкъым, зи бжыгъэм хэхъуэ лъэпкъхэми дащыщкъым куэд щIауэ. Ар кавказ республикэ псоми яхужыпIэфынущ.

Сыт ягъэ кIынур, ди япэ итахэм зэращIу щытам ещхьу, цIыху 20 - 30 къебгъэблагъэу, апхуэдизу нысашэ ехьэжьа умыщIу, зи псэугъуэхэр унагъуэу бгъэтIысыжмэ?»

«Нысашэр щIалэгъуалэр зыщыгуфIыкIын хуей гуфIэгъуэщ, ахъшэ нэхъыбэ гъэкIуэдэнымкIэ зэпеуэкъым», - диIыгъащ муфтийм и псалъэр КъШР-м и къады Узденов Алий-хьэжы.

Мы Iуэхугъуэм щытемыпсэлъыхьа республикэ Кавказым къина къыщIэкIынкъым, къэрал IуэхущIапIэхэм я деж щегъэжьауэ, унэгуащэхэм я деж щиухыжу. Шэшэн Республикэм и дин IуэхущIапIэм уеблэмэ благъэхэм зэIэпахыну тыгъэхэм я мардэ пыухыкIа игъэувауэ щытащ.

Нысашэхэр къызэзыгъэпэщ Мурзаевэ Рукъият зэрыжиIэмкIэ, хьэгъуэлIыгъуэм ахъшэшхуэ трагъэкIуэдэныр езы цIыхухэм я гукъыдэжщ: «Мы фэ вгъэхьэзырахэм дыхуейкъым дэ, сом мин 500 хуэдиз и уасэу тхуэвгъэщIэращIэ хьэщIэщыр», - къыджаIэ зи Iуэху къыдэзыххэм. Анэр абдеж дыдэм щытщ, и бохъшэр иIыгъыу. Зыми и къуэр е и пхъур адрейхэм къакIэрыхуу илъагъуну хуейкъым».

Рен-ТВ каналым и корреспондент Магомедов Мурад кавказ хьэгъуэлIыгъуэм текIуадэ ахъшэр зыхуэдизыр езыр-езыру къибжати, муфтийм жиIам техуэжащ.

«ХьэщIэ 300-м ятещIыхьауэ къыубжмэ, ар ику ит хьэгъуэлIыгъуэу аращ, - жеIэ Мурад. - Нысашэм щIимыдзэ щIыкIэ, унагъуэ къэс сом мин 800 хуэдиз лъыхъум, тыгъэхэм, дыщэхэкIхэм, пхъуантэдэлъхэм трагъэкIуадэ. Нысашэ пшыхьым 1 мелуанрэ мин 200-рэ хуэдиз ехь. ХьэтиякIуэмрэ кърагъэблагъэ артистхэмрэ сом мин 300 хуэдиз текIуэдэнущ. Сурэтхэмрэ видеохэмрэ - сом мини 100. НысащIэмрэ щауэмрэ зэрысыну машинэм - сом мин 30 хуэдиз. ХьэгъуэлIыгъуэ тортым - сом мин 50. Сытми, нэхъ мащIэ дыдэу - сом мелуани 2-рэ мин 500-рэ. Ар иджыри хьэщIэхэм гулъытэ хэха яхуэпщIыну ухуемыжьэмэ, узыхуэмыхьэзыр тыгъэ умыгъэхьэзырмэ. Ахъшэ зыхуримыкъум кредит къыIех. ЩIыхуэ къащтэу ирагъэкIуэкIа хьэгъуэлIыгъуэм текIуэда ахъшэр ятыжын папщIэ, зи унэр зыщэжа си нэкIэ слъэгъуащ».

Зи гугъу тщIы Iуэхум губзыгъэу бгъэдыхьахэм ящыщщ Ингуш Республикэр. Мы махуэхэм нэхъыжьхэр, дин лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэм ядэлажьэ къулыкъущIэхэр, хьэтиякIуэхэр зэхуэсри, «Боарам» зыфIаща проектыщIэ утыку кърахьащ. Я плъапIэ нэхъыщхьэр - нысашэхэм лъэпкъ хабзэр я теплъэу къанэу, мылъку лей темыкIуадэу къызэрагъэпэщынырщ. Дауэдапщэхэр IыхьитIу ягуэшащ: къыхэпхыну узытрагъэгушхуэмрэ мыхъунумрэ. Узытрагъэгушхуэм хохьэ нысащIэм и бостейр уасэкIи теплъэкIи зэщIэкъуауэ щытыныр, фо зэрахьэныр, нысащIэм щIалэ цIыкIу ирагъэIыгъыныр, лъэпкъ макъамэ къегъэуэныр, «ловзар» къафэ къэфэныр, нысашэ чырэм машинитху нэхърэ нэхъыбэ хэмытыныр.

Мыхъунухэр: нысащIэм удз гъэгъа Iэрамэ дридзеиныр, гуащэм Iэлъын къыхуащэхуныр, торт абрагъуэхэр утыку кърахьэнымрэ зэпаупщIынымрэ, нысащIэмрэ щауэмрэ зытрагъэх сурэтхэр, нысащIэм и благъэ цIыхухъухэм ябгъэдэту сурэт зытригъэхыныр, благъэхэм тыгъэ яхуэщIыныр.

Иужьрей зэманым гъуэгу къэхъукъащIэ зыбжанэ къыщыхъуащ Ингушым, хьэгъуэлIыгъуэхэм епхауэ. Гъэмахуэм нысашэ чырэм цIыхуищ щыхэкIуэдауэ щытащ, щауэм и шыпхъур я гъусэу. ШыщхьэуIум и 23-м полицэр хъийм икIа машинэ гупым якIэлъыщIэпхъуэн хуей хъури, ягъэуа кIэрахъуэм къилъэта шэр илъэси 10-м ит щIалэ цIыкIум техуауэ щытащ. Зызэман хьэгъуэлIыгъуэм фоч щагъэуэныр унагъуэщIэр нэ Iейм щыхъумэным и дамыгъэу щытамэ, иджы ар зыщIагъэщIагъуэ, зэрызыхаIэтыкI Iэуэлъауэ шынагъуэм хуэкIуащ, абы къыхэкIыу, гъэкIуэдыжыныр нэхъыфIщ.

Нысашэм и мызакъуэу, гузэвэгъуэ хуэIухуэщIэхэми мызэ-мытIэу унафи чэнджэщи ди республикэм щытращIыхьауэ щытащ, арщхьэкIэ, зыкъыхэзыгъэщыну хуей цIыхур и мурадым пхущыгъэужынукъым. Мылъку зэпеуэм кIэ игъуэтын гугъэ щыщымыIэкIэ, акъыл зэпеуэм лъагъуэ хухэдвгъэш.

# Дыгъэгъазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

**• Фи лъэIукIэ**

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыкъуэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, гъубж | 05.48 | 07.18 | 12.05 | 14.22 | 16.33 | 18.13 |
| 2, бэрэжьей | 05.49 | 07.19 | 12.05 | 14.22 | 16.33 | 18.13 |
| 3, махуэку | 05.50 | 07.20 | 12.06 | 14.22 | 16.32 | 18.13 |
| 4, мэрем | 05.51 | 07.21 | 12.06 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 5, щэбэт | 05.53 | 07.23 | 12.07 | 14.21 | 16.32 | 18.12 |
| 6, тхьэмахуэ | 05.53 | 07.23 | 12.07 | 14.21 | 16.32 | 18.12 |
| 7, блыщхьэ | 05.54 | 07.24 | 12.08 | 14.21 | 16.32 | 18.12 |
| 8, гъубж | 05.55 | 07.25 | 12.08 | 14.21 | 16.32 | 18.12 |
| 9, бэрэжьей | 05.56 | 07.26 | 12.08 | 14.21 | 16.32 | 18.12 |
| 10, махуэку | 05.57 | 07.27 | 12.09 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 11, мэрем | 05.58 | 07.28 | 12.09 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 12, щэбэт | 05.59 | 07.29 | 12.10 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 13, тхьэмахуэ | 06.00 | 07.30 | 12.10 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 14, блыщхьэ | 06.00 | 07.30 | 12.11 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 15, гъубж | 06.01 | 07.31 | 12.11 | 14.22 | 16.32 | 18.12 |
| 16, бэрэжьей | 06.02 | 07.32 | 12.12 | 14.23 | 16.33 | 18.13 |
| 17, махуэку | 06.03 | 07.33 | 12.12 | 14.23 | 16.33 | 18.13 |
| 18, мэрем | 06.03 | 07.33 | 12.13 | 14.23 | 16.33 | 18.13 |
| 19, щэбэт | 06.04 | 07.34 | 12.13 | 14.24 | 16.34 | 18.14 |
| 20, тхьэмахуэ | 06.04 | 07.34 | 12.14 | 14.24 | 16.34 | 18.14 |
| 21, блыщхьэ | 06.05 | 07.35 | 12.14 | 14.25 | 16.35 | 18.15 |
| 22, гъубж | 06.05 | 07.35 | 12.15 | 14.25 | 16.35 | 18.15 |
| 23, бэрэжьей | 06.06 | 07.36 | 12.15 | 14.26 | 16.36 | 18.16 |
| 24, махуэку | 06.06 | 07.36 | 12.16 | 14.26 | 16.36 | 18.16 |
| 25, мэрем | 06.07 | 07.37 | 12.16 | 14.27 | 16.37 | 18.17 |
| 26, щэбэт | 06.07 | 07.37 | 12.17 | 14.28 | 16.38 | 18.18 |
| 27, тхьэмахуэ | 06.07 | 07.37 | 12.17 | 14.28 | 16.38 | 18.18 |
| 28, блыщхьэ | 06.07 | 07.37 | 12.18 | 14.29 | 16.39 | 18.19 |
| 29, гъубж | 06.08 | 07.38 | 12.18 | 14.30 | 16.40 | 18.20 |
| 30, бэрэжьей | 06.08 | 07.38 | 12.19 | 14.30 | 16.41 | 18.21 |
| 31, махуэку | 06.08 | 07.38 | 12.20 | 14.31 | 16.41 | 18.21 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм къыдитащ.*

# Цагъуэ Нурий и ущиехэр

**Адыгэм и дин тхыдэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм Цагъуэ Нурий и цIэр яхэбгъэгъуэщэну гугъущ. Ди бзэкIэ япэу къыдэкIа газетхэм и Iэ зэрылъэIэсам нэмыщI, Нурийрэ абы и ныбжьэгъухэмрэщ муслъымэн тхыгъэхэр адыгэбзэм япэу къизыгъэзэгъар. Нобэми уней архивхэм къыщыкъуокIыж абы и еджакIуэхэр зыщIигъэджыкIа тхыгъэхэр. Апхуэдэхэм язщ Цагъуэм диным и тегъэщIапIэхэм щытепсэлъыхь «Хьилму хьал» тхылъыр. Ар зи муслъымэныгъэмкIэ пщIэшхуэ къэзылэжьауэ дунейм ехыжа Хьэжнэгъуей Амин щхьэмахуэм и архивым къыщагъуэтыжауэ щытащ.**

НЭМЭЗЫМ, андезым, нэщIым, Iиманым, къинэмыщI тегъэщIапIэхэм ятеухуа щIэныгъэр иджы щэхуу щыщытыжкъым ди къэралми щIыналъэми. Ауэ Цагъуэм и адыгэбзэ къызэрымыкIуэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ. Абы гу щылъыптэну нэхъ тыншщ зи гугъу тщIы тхылъым и «Бегъымбархэр» Iыхьэм. Мыбдежым Нурий къыщыдгурегъаIуэ Алыхьталэм щIэныгъэрэ зэхэщIыкIкIэ къытхигъэщхьэхукIа а цIыху лъагэхэр дэ зэрыдэмыщхьыр. АдэкIэ къакIуэр Цагъуэм и тхыгъэм щыщ пычыгъуэщ.

«Iэдэм бегъымбарыр Алыхьталэм щIыгум къыхигъэщIыкIри, и лъэпкърэ и лIакъуэрэ щIы щIыIум тригъэбэгъухьащ. ЦIыху псори абы къытекIахэщ. ЦIыхур псэущхьэ псоми я нэхъ гъэщIыгъэфIщ, я нэхъ лъапIэщ. Ар зыгъэлъапIэр акъылу иIэмкIэ Тхьэр ищIэу, лэжьыпхъэхэмрэ щIапхъэхэмрэ и Iэ къихъуэну зэрыщытыр арщ.

ЦIыхухэр я щыIэкIэкIэ зыщыщIэхэу къигъэщIащ, зэдэмыIэпыкъумэ, зэмыжэрдэмэгъухэмэ, щымыIэфыну щытхэщ. Я шхынри, я фащэри, я Iэщэри езыхэм зэрамыгъэпэщу хъуркъым. НэгъуэщI цIыху хуэмыныкъуэу псэуфыну зы цIыхуи щыIэкъым. Еплъ! Лэжьыпхъэхэмрэ щIапхъэ дыдэхэмрэ гъэтIылъи, ди щыIэкIэ къудейм егупсыс. Ди фащэр, ди Iэщэр, ди шхыныр нэрыбгэ дапщэм зэрагъэпэща? Мыхэр зэдэмылажьэтэмэ, хэти и щхьэ къыхуэнауэ щыттэмэ, пцIанэу, Iэщэншэу, гъуэмылэншэу дыкъэнэнт. Зыр адрейм щыщIэу, фIым зэдэлъыхъуэу щытхэр аращ цIыхур. Я щыщIагъэр зэзымыгъуэтылIэж лъэпкъхэр я фащэкIи, я IэщэкIи, я шхынкIи адрей лъэпкъхэм ящыгугъыу щытхэр, хуэмурэ мэкIуэд. Зыхуэныкъуэхэм ялъэIэсыфын, зи ягъэ къезыгъэкIынухэм япэувыфын хуейщ псори. Псэ зиIэр арыншэу щыIэфынукъым. Ар къехъулIэн папщIэ, Алыхьталэм псэущхьэхэм хэплъыхьынымрэ губжьынымрэ къахилъхьащ. Е хэплъыхькIэрэ зыщыщIэхэм ялъоIэс, е губжьымкIэ зи ягъэ къезыгъэкIынкIэ къыщыхьэхэр зыпеху.

Хьеуанхэр акъылыншэрэ бзэгуншэу зэрыщытым папщIэ, щыгъын да хуэмейхэу, зэрыщытыр я фащэу, лъабжьэбжьэхэр яIэу апхуэдэщи, я шхынри хьэжын, гъэвэн хуэмейуэ къигъэщIахэщ. ЦIыхум гулъытэрэ бзэгурэ къызэрыритам щхьэкIэ, фIэигъуэр зригъащIэурэ, зыр адрейм дэIэпыкъуурэ, и фащи, и Iэщи, и шхыни зэригъэпэщыфынущ.

АрщхьэкIэ, цIыхум нэпсеягъэр къытекIуэу, зыхурикъур щIитIэу, хэплъыхьыным, губжьыным дихьэхыу, и гулъытэр куэдыкIей хъууэ, щIы щIыIум зэрытемыгъэхуэжу хуежьэнхэм утешыныхьынкIэ зэрыщытым папщIэкIэ, Тхьэ лъапIэр тщIэуэ, Ар дгъэлъагэу, и шынагъэ дигу илъу, дыхуэIурыщIэу, захуагъэм дытету, дызэрылъагъуу дызэрызэдэIэпыкъуныр, щхьэж хуэфащэр, ди гулъытэр ешхэ-ефэ къудейм тедмыщIыхьу, зэдэгъэлэжьапхъэхэр къыдигъэщIэн щхьэкIэ, цIыхухэм ящыщу бегъымбархэр, лIыкIуэхэр къытхуигъэкIуащ.

ЩIыгум къытехьа цIыху псори зылI хуэдэу къызыфIэбгъэщIмэ, бегъымбархэр а лIым и акъыл щIыпIэу аращ. ЦIыхухэм бегъымбархэр къахуимыгъэкIуатэмэ, зэрышхынхэт, зэрыгъэкIуэдынхэт. Аращи, мыбыкIэ Тхьэм щытхъушхуэр хуэфащэщ.

Дуней IуэхукIи ахърэт IуэхукIи мыхъуну щыIэ псори зэрыт, укъызыхуэушыпхъэхэм уакъыхуэзыгъэуш КъурIэн лъапIэр бегъымбар псом я нэхъ лъапIэ хъуа, щэлатымрэ сэламымрэ зэха Мухьэмэд ЛIыкIуэм иужьрей тхылъу къыхуигъэкIуащ. ДунейкIи ахърэткIи цIыхур зылъэщIыхьапхъэу абы узыхуимыузэщIын щыIэкъым».

Нобэ дин щIэныгъэр нэхъ жыжьэ кIуэтауи, цIыхухэм ислъам диныр нэхъ хуиту, нэхъ куууэ яджу, зыхащIыкIри нэхъыбэу пхужыIэнущ. Ауэ лъэпкъыр илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ муслъымэн диным зэрытетым и щыхьэту езы анэдэлъхубзэри къоув. Япэ итахэм я щIэныгъэ щIэиныр аращ нэхъ лъапIэж зыщIыр.

# Анэдэлъхубзэр диным и Iэпэгъущ

**Ислъам диныр лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ къызыдекIуэкI лъэпкъхэм я бзэм къурIэныбзэм къыхэкIа жыIэгъуэ куэд хэтщ. Ар щыпэжыр адыгэбзэм и закъуэкъым, атIэ дэтхэнэ муслъымэн лъэпкъми иIэщ хьэрыпыбзэм щыщ псэлъафэхэр къыщищта лъэхъэнэ.**

КЪЭЗАХЪСТАНЫМ щэкIуэгъуэм и 10-м щекIуэкIащ «Къэзахъыбзэ» зыфIаща курултай, нэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ зэхуэс. Къэралым и президент Токаев Къасым-Жомарт абы къыщиIэтащ муслъымэн лъэпкъ куэд, адыгэхэри дыхиубыдэу, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэ. Къэзахъ лIыщхьэм цIыхубэр къыхуреджэ хьэрыпыбзэм къыхэкIа псалъэхэу я анэдэлъхубзэм дахэ дыдэу хэтхэр IэщIыб ямыщIыну. Шэч хэмылъу, хьэж зыщIа, муслъымэну зыкъэзылъытэж Токаевыр ислъамым и бийкъым, и лъэпкъэгъухэм я дин зехьэкIэри анэдэлъхубзэри зыхуей зэрыхуэзапхъэ Iуэху къиIэтауэ аркъудейщ.

«Ди анэдэлъхубзэм хэт псалъэхэр IэщIыб ящIауэ, иужьрей зэманым хьэрыпыбзэмкIэ ирагъэбэкI хъуащ, - жиIащ къэзахъхэм я президентым. - Мыр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ, IэщIагъэлIхэри тепсэлъыхьын хуейуэ».

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Токаевым и гукъыдэжыр къэралым и муслъымэн IуэхущIапIэхэм къыдащтэри, хьэрыпыбзэкIэ зекIуэ псэлъафэхэу къэзахъыбзэм гуэгъу щызиIэхэр нэхъыбэрэ къагъэщхьэпэну цIыхухэр къыхураджащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, ислъам дин зезыхьэ лъэпкъ псоми я бзэм хэтщ «Алыхьым жиIэмэ» - «Иншааллахь», «Алыхьым и фIыщIэкIэ» - «Альхьамдулиллахь», «Алыхьым фIыгъуэ къыпхуищIэ» - «Джэзакэ Ллахьу хъэйрэн», «щэращ» - сухур, «хэщхьэж» - «ифтIар», къинэмыщIхэр. Ди республикэм щыщхэри тепсэлъыхьрейщ мы Iуэхугъуэм, щIэныгъэлIхэми къыдаIыгъыу. Диным щызекIуэ фIэщыгъэхэм я гуэгъу уи анэдэлъхубзэм хэтмэ, ар къыщIумыгъэщхьэпэн щыIэкъым, - жеIэ шэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ доктор Щхьэныкъуэ Анзори.

«А хьэрыпыбзэри хъарзынэщ, - къыщыхигъэщауэ щытащ Iустазым и дерсхэм я зым, - ауэ псалъэр уэ уи бзэм щыхэтыжым деж, сыт къыщIумыгъэсэбэпынур? Ар нэхъ дахэ, нэхъ екIу мэхъу. ЦIыхум и псэлъэкIэр зэгъэзэхуауэ, зыгуэрхэр къыхэмыпIиикIыу щытын хуейщ. Псалъэр щумыгъуэтым деж, Iэбэ нэгъуэщIыбзэм, ауэ щыбгъуэтым деж, модэкIи мыдэкIи ущIэIэбэн щыIэкъым».

Нэмэзыр хьэрыпыбзэкIэ зэрыгъэзэщIапхъэм укъыфIэкIмэ, махуэкъэс уэршэрыбзэм, шэч хэмылъу, анэдэлъхубзэм куэд щIауэ къыхыхьа псалъэхэр къыщыбгъэщхьэпэ хъун къудейкъым, абы нэхъ дытрагъэгушхуэ. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ укъеплъмэ, дэтхэнэ бзэми нэгъуэщIыбзэм къыхих псалъэр зэуэ щыщ хъуркъым. Псалъэм папщIэ, «Альхьамдулиллахь»-р дин зезыхьэхэм нэхъ жаIэрейуэ щытми, «мэшалахь»-р нэмэз зымыщIхэми къапсэлъ. НэхъыфIыр мы IуэхумкIэ емыгъэлеинрауэ къыщIэкIынщ: анэдэлъхубзэм куэд щIауэ хэтхэр къэдгъэщхьэпэу, щIэуэ къыхыхьахэр «къыхэмыпIиикIын» хуэдэу къэтпсэлъу. Япэ Iуэхугъуэм фэрыщIыгъэм дыщехъумэ, етIуанэм - ипэкIэ дегъэкIуатэ.

# Лэжьыгъэрщ цIыху сызыщIар



**И къэжэпхъыгъуэ зэманыр, школым щыщIэса илъэсхэр игу къыщигъэкIыжкIэ, Сэрэждин и нэгур нэхъри зэлъыIуокI. А лъэхъэнэм абы я унагъуэм зэрахуэрт Iэщ куэд: былымышхуэу зыбгъупщI, мэлу 30, бжэнуи апхуэдиз. А къомыр бгъэшхэн, я щIэтыпIэхэр бгъэкъэбзэн папщIэ сыт хуэдиз зэман, къару тебгъэкIуэдэн хуейт. А къалэныр нэхъыбэу зи пщэ къыдэхуэри Сэрэждинт. Уеблэмэ, а лэжьыгъэр апхуэдизкIэ иужэгъурти, «ярэби, мыпхуэдиз Iэщ зелъэфэным зэгуэр кIэ иIэну пIэрэ?» жиIэу еджапIэр къиухыу и щхьэр пщIантIэм зэрыдихыным зэм-зэм щIэхъуэпсырт. Ауэ унагъуэ щхьэхуэ игъуэта нэужьщ Сэрэждин къыщыгурыIуар и балигъ хъугъуэм гугъу зэрехьам и сэбэп къызэрекIыжар: абы и фIыгъэкIэ сыт хуэдэ Iуэхуми къыпимыкIуэту, щхьэх жыхуэпIэр имыщIэу нобэр къыздэсым къогъуэгурыкIуэ. ИкIи и ныбжьэгъухэм, и Iыхьлыхэм уэршэрэгъу щахуэхъукIэ и адэм и цIэр фIыкIэ къыхигъэщ и хабзэщ а лъэхъэнэм лэжьыгъэ гугъум зэрыщIипIыкIам папщIэ: «Лэжьыгъэращ цIыху къысхэзыщIыкIар» жи.**

ЗИ пщIэнтIэпскIэ, зи IуэхущIафэм къыпэкIуа мылъкукIэ псэужым сыт щыгъуи пщIэ иIэщ. Апхуэдэ цIыхут Кыщпэк къуажэм щыпсэу Къущхьэ Мурадин. Абырэ и щхьэгъусэ Быцэрэ зэдагъуэтат бынибл. Ахэр зыхуей хуэбгъэзэн, ебгъэджэн, цIыхум яхэгъуащэу къэбгъэтэджын папщIэ гугъу зумыгъэхьу хъунутэкъым, колхозым къуит улахуэмкIэ сабииблыр мыхъуапсэу упIыныр Iуэху цIыкIуфэкIутэкъым. Аращ Мурадин хуэм-хуэмурэ Iэщ хъушэ щIызэригъэпэщари.

Еджэным, Iэщым якIэлъыплъыным къыщыдэхуэ зэманхэм Сэрэждин хьэулейуэ дэттэкъым уэрамым. Мо лэжьыгъэм къарууфIэ ищIа щIалэщIэм зыкъом щIауэ къыкIэлъыплъырт и хьэблэгъу Лъэпщ Муса. Ар тренеру лажьэрт, бэнакIуэхэр игъасэу. Арати, Сэрэждин абы и деж кIуэуэ щIидзащ. Мазищ фIэкIа дэмыкIауэ, щIалэщIэр здашэ бэнэкIэ хуитымкIэ Нарткъалэ щекIуэкIыну школакIуэ ныбжьыщIэхэм я республикэпсо зэхьэзэхуэм. Къущхьэхэ я щIалэщIэм абы бжьыпэр щеубыд. Абы и бэнэкIэр зылъэгъуа гъэсакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и тренер, Бахъсэн щыщ ЗэкIурей Николай къыбгъэдохьэри къыжреIэ: «Си дей накIуэ, си гъэсэнхэм нахыхьи, спорт зэхьэзэхуэ нэхъ инхэм ухуэзгъэхьэзырынщ». Сэрэждин, дауи, абыкIэ арэзыт, ауэ адэм имыщIэу, абы и Iизынынщэу апхуэдэ лъэбакъуэ ич зэрымыхъунур гурегъаIуэ тренерым.

Махуэ зытIу нэхъ дэмыкIыу ЗэкIурейр къокIуэ Къущхьэхэ я унэм. Унагъуэ тхьэмадэр лэжьапIэ щыIэт, Сэрэждин и анэрат щIэсыр. КъызытекIухьа Iуэхур утыку къыщрилъхьэм «абы и унафэ, тхьэ, сэ схуэмыщIыну, и адэр къэсыжын хуейщи фыпэплъэ», - къыжреIэ къыхуэкIуа хьэщIэм. Куэд мыщIэу къыщIохьэж Мурадин. «Фи щIалэм зыгуэр къыхэкIынущ, хъунумэ, си дей нэвгъакIуэ, бэнэкIэм хуезгъэсэнщ икIи езгъэджэнщ», - жеIэ Николай, сэлам-чэламыр зэфIэкIа нэужь. «Уи анэмэтщ», - жэуап къретыж абы бысымым.

Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу Сэрэждин Бахъсэн къокIуэри, яхохьэ ЗэкIурейм и гъэсэн гупым. Ауэрэ 10-нэ классыр къеухри, щIотIысхьэ а къалэм дэт СПТУ-м, механизаторхэр щагъэхьэзыр училищэм. Ар фIы защIэкIэ къеух 1981 гъэм.

Училищэм щыщIэса зэманми, абы иужькIи Къущхьэхэ я щIалэр хэтащ республикэми, ди хэкум и щIыпIэ зыбжанэми, хамэ къэралхэми щекIуэкIа зэхьэзэхуэ зыкъомым. 1980 - 81 гъэхэм спортсмен ныбжьыщIэхэм я къэрал чемпионатым тIэу бжьыпэр щиубыдащ, социалист къэралхэм я бэнакIуэ пажэхэр щызэхуэза, «Зэныбжьэгъугъэ» къыхуеджэныгъэм щIэту Болгарием щызэхаша зэпеуэм 2-нэ щыхъуащ, Венгрием щекIуэкIа международнэ зэхьэзэхуэм утыкум къыщыпэщIэува и ныкъуэкъуэгъухэм ящыщу зыри зытригъэкIуакъым, ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэпеуэу США-м бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIам дыжьын медаль щызыIэригъэхьащ, балигъыпIэ иува бэнакIуэ нэхъ лъэрызехьэхэр зыхэ-та, Мэхъэчкъалэ къыщызэрагъэпэща РСФСР-м и чемпионатым пашэ щыхъуащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я фIыгъэкIэ Къущхьэхэ я пщIэр нэхъри къиIэтащ а щIалэм. И текIуэныгъэхэм къапэкIуэу абы къыфIащащ «СССР-м спортымкIэ и мастер» цIэ лъапIэр.

Спортыр - ар хъарзынэщ, ауэ уи щIалэгъуэр икIмэ, уи гъащIэр щхьэузыхь зыхуэпщIын IэщIагъэ уиIэн хуейкъэ, ар фIы дыдэу къыгурыIуэрт Сэрэждин икIи СПТУ-р хъарзынэу къызэринэкIри, щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым механизацэмкIэ иIэ къудамэм.

ЩIэныгъэ ищхьэ зригъэгъэгъуэта нэужь, IэщIагъэлI щIалэр бригадиру щылэжьащ я жылэм щызэхэт «Трудовой горец» колхозым. Гъавэ къигъэкIыу губгъуэм итащ илъэс зыбжанэкIэ, къыдэлажьэхэри, ищхьэкIэ къыщыIэхэри къыхуэарэзыуэ. Ауэ колхоз-совхозхэм я Iуэхур екIакIуэу щыхуежьэм, къэралым и дамэм щыщIэкIым, и унагъуэр щIыгъуу Налшык къыщыIэпхъуэм и IэнатIэр къимыгъанэу хъуакъым.

Ди щыхьэрыр псэупIэ ищIа нэужь, Сэрэждин зэрихъуэкIащ IуэхущIапIэ зыбжанэ, и унагъуэр зыхуей зэрыхуигъэзэн мылъку къыщилэжьын, и гум къыдыхьэн IэнатIэ лъыхъуэу. Дэрбзэр цех игъэлэжьащ, бдзэжьей Iуэхум пыщIа «Рыбнадзор» IуэхущIапIэм Iутащ, «Къэббалкъпотребсоюзым» хиубыдэ IэнатIэхэм ящыщ зым и директору щытащ, уеблэмэ, финанс IуэхухэмкIэ министрым и къуэдзэ къалэнри пIалъэ кIэщIкIэ и пщэ дэлъащ. Иужь илъэсхэм щылажьэр «Къэббалъкътеплоэнерго» IуэхущапIэрщ, абы хиубыдэ РСУ-р ремонт Iуэхум пыщIа управленэм и къудамэм и нэхъыжьщ. И гупыр цIыху 22-рэ мэхъури, жэуапышхуэ зыпылъ IэнатIэщ зыбгъэдэтыр - псы пщтыр зэрыкIуэ бжьамийхэр зыхуей хуэзэу зэрахьэну, къутэхэр зэрагъэпэщыжыну, жьы хъуахэр зэрахъуэкIыну я къалэнщ.

Сэрэждин къыщыхъуа къуажэм дэсщ я унэкъуэщу унагъуэ 30-м нызэрыхьэс. Абыхэм ящыщщ и шынэхъыщIитIри - Нажмудинрэ Iэулэдинрэ, апхуэдэу зи дунейр зыхъуэжа и шынэхъыжь Iэдил и бынхэр. Абыхэм яку дэлъ IэфIагъэр пхужымыIэным хуэдизщ (зэшхэм я мызакъуэу, зэнысэгъухэри, я сабийхэри апхуэдэщ) - тхьэмахуэ зытIу зэрымылъэгъуамэ, илъэс псо дэкIа къафIэщIу зэхуэзэшу, зэрылъытэу, сыт хуэдэ Iуэхури зэдагъэпсынщIэу, хьэблэри жылэри къехъуапсэу я гъащIэ Iыхьэр ирахьэкI.

Къущхьэхэ жыджэру яхэт, лъэпкъым теухуауэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ и пщэ къыдалъхьэми утемыупсыхьыжыну зыгъэзащIэ Сэрэждин теухуауэ къедгъэкIуэкI хъыбарыр ныкъуэ хъунт, и бынхэм я гугъу дымыщIамэ. И щхьэгъусэ ФатIимэрэ абырэ зэдапIащ бынищ: Мурадин, Дианэ, Лианэ сымэ. Дианэ къуитI иIэщ, Лианэ - зы щIалэ, Мурадин - пхъуиплI.

Спорт гъуэгукIэ адэм и лъэужьыр ихуащ и къуэм. КIэдет-бэнакIуэхэм я европэпсо зэхьэзэхуэм 2008 гъэм Мурадин къыщихьащ дыжьын медаль, абы иужькIэ балигъыпIэ имыува бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо чемпионатым бжьыпэр щиубыдащ, Урысей Федерацэм и чемпион тIэунейрэ хъуащ: кг 120-рэ зи хьэлъагъхэм абы къыпэлъэщын къахэкIакъым. Апхуэдэу 1972, 1976 гъэхэм екIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм чемпион щыхъуа Ярыгин Иван и цIэкIэ къызэрагъэпэщ зэпеуэхэм, ди хэкум ис бэнакIуэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэр щызэхуэсым (ар къэрал чемпионатым хуагъадэ) тIэунейрэ дыщэ медаль щызыIэригъэхьащ.

Сэрэждин фIэфIщ цIыхум сыт щыгъуи яхэтыну, ящIэупщIэну, ар иреIыхьлы, иренымбжьэгъу, ирелэжьэгъу. «ЦIыху къысхуейуэ, сэбэп сыхуэхъуну къысщыгугъыу зыкъысхуигъазэмэ, гукъыдэж согъуэт, си щхьэр лъагэу солъагъуж», - жеIэ абы. Зи нэгум сыт щыгъуи гуапагъэ кърих а лIыр зэрыугъурлыр, шэ хьэлэл зэрефар, зэрыпсэ къабзэр тIэкIу убгъэдэсамэ, удэуэршэрамэ бэян пщохъу.

Я нэхъ Iейуэ ешауэ, лъэуджыджауэ и унэ щекIуэлIэжами, махуэ псом гугъу зэрехьар пщэдджыжь дыгъэпсым зыщIифа уэсэпсу мэкIуэдыж и къуэрылъху хъыджэбз цIыкIухэр, зыр адрейм япэ зэрищыным хущIэкъуу, «дадэ, дадэ» жаIэу къыщыбгъэдэлъадэкIэ. Абыхэм Сэрэждин кърат дэрэжэгъуэр къызэрупщыфын пщалъэ щыIэкъым.

**САУТ СулътIан.**



В ПОДРАЗДЕЛЕНИЯ БПЛА
ВОЗМОЖНОСТЬ УВОЛИТЬСЯ ПО ОКОНЧАНИЮ КОНТРАКТА
6 500 000 РУБ.
ЗА ПЕРВЫЙ ГОД
3 500 000 РУБ.
ЕДИНОВРЕМЕННО
Списание долгов до 10 млн. руб.
ОБРАЩАТЬСЯ: г. Нальчик, ул. Идарова, д. 198 Тел.: +7 (952) 579 03 45

## ЩОДЖЭН Лаурэ:

# Зыхуэбгъэфащэр уи фащэу...

***«1 КъБР» щІыпІэ каналым и лэжьакІуэ Щоджэн Лаурэ и ІэщІагъэм сыткІи хуэфащэщ жыпІэну, и адыгэбзэр хъарзынэщ, щабэу, гуапэу, мыпІащІэу псалъэу. Псом хуэмыдэу сигу ирохь ар сабийхэм зэрадэлажьэ щІыкІэр - зэуэ дзыхь зыхурегъэщІыф, камерэр ящегъэгъупщэф, ядоуэршэрыф. Дэри езым упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащи, къыджиІахэм фыщыдогъэгъуазэ.***



**- Лаурэ, псом япэу уи ІэщІагъэр къызэрыхэпхам и гугъу дыгъэщІи, газет, радио мыхъуу, телевиденэм ущылэжьэну щІытебухуам сфІэгъэщІэгъуэнщ седэІуэну.**

- Къапщтэмэ, сэ радиоращ си хъуэпсапІэу щытар, Луизэ. Абы сыт и щхьэусыгъуэр жыпІэмэ, сэ анэшхуэм и куэщІ сыкъихъукІащ, пщэдджыжь къэс Іэмал имыІэу радио цІыкІур абы щІигъанэрти, зэгъусэу дедаІуэрт. Псом хуэмыдэу си анэшхуэм фІэфІт АфІэунэ Рае и нэтынхэр. Апхуэдэурэ си хъуэпсапІэ хъуащ радиом сыщылэжьэну. Сыщеджэ зэманым мызэмытІэу радиом сыкІуэурэ нэтын зыбжанэ згъэхьэзырат. Ауэ иужькІэ ди телевиденэр лэжьакІуэ хуейуэ зэхэсхри, абы сыкІуащ, япэщІыкІэ архивым сыщІэсащ. Ар къыщІыхэзгъэщыр архивым сызэрыщылэжьа пІалъэр куэдкІэ сэбэп къысхуэхъуащи аращ. Абдеж сыщеплъыфырт нэтын ягъэхьэзырхэми нэхъ ипэкІэ трахахэми, апхуэдэу Іэмал сиІэт жанрхэр зэхэзгъэкІыу зезгъэсэну. Иужьым адыгэ редакцэм сыкъэуври (къэзухар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэ къудамэм и магистратурэрщ), си фІэщ мыхъуу жыхуаІэм хуэдэу, лэжьыгъэм сыдихьэхащ. Журналист ІэщІагъэр кІуэ пэтми нэхъ щІэщыгъуэ сщыхъуу апхуэдэщ, ди лэжьыгъэр цІыхум махуэ къэс зезыгъэужь, щІэ гуэр къезыгъащІэ фІыгъуэу къызолъытэри. Зы нэтыным сыщелэжькІэ ныкъусаныгъэ гуэр сІэщІэкІамэ, сызрегъэгупсысыж, нэхъыфІу адэкІэ зэрысщІыным сыхущІегъэкъу. Нэхъыщхьэжращи, нэтын къэс цІыхущІэ нэІуасэ къызэрысхуэхъур си дежкІэ зы лъапІэныгъэ гуэрщ.

**- Япэ дыдэу бгъэхьэзыра нэтыныр иджыпсту уигу къозгъэгъэкІыжынут.**

- Си анэшхуэм радиом сыщригъэдаІуэу щыта зэманым щегъэжьауэ си тхьэкІумэм къинауэ итт: «Нобэ студием щылажьэр АфІэунэ Раещ» псалъэхэр. АпхуэдизкІэ абы и макъымкІэ цІыхур къыдихьэхыфырти, абы зэредаІуэр фІэмащІэу, си анэшхуэм радио цІыкІур и тхьэкІумэм Іуилъхьэрт. «Абы ещхь сыхъуарэт», - жысІэу си гум зэрислъхьари хэлъу къыщІэкІынт. ЛэжьапІэ сыщыувым, АфІэунэм теухуа нэтын Іэмал имыІэу сщІын хуейуэ мурад сщІащ. АбыкІэ къыщІэздзэмэ, езы цІыхубзми си анэшхуэми я фэеплъу ар къэслъытэрт. Нэтыныр згъэхьэзырыну сыщеувалІэм, сэ Рае и макъыр сцІыху фІэкІа езым теухуауэ зыри сщІэртэкъым. ФІыуэ тлъагъуу, си егъэджакІуэу щыта, Рае ипхъу ТекІуий Мадинэрэ АфІэунэм къыдэлэжьахэмрэ саІущІэри, нэтыныр апхуэдэу хьэзыр хъуащ. Рае и лэжьыгъэм гурэ псэкІэ зэрыбгъэдэтар зэрысхуэзэфІэкІкІэ нэтыным къызэрыхэщыным сыхущІэкъуат. Абы и макъкІэщ япэ дыдэу хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм Хэкум теухуа хъыбархэр радиокІэ зэралъэІэсар. Теленэтыным хэзгъэхьат Рае и псалъэхэр: «Хэкум къикІыу фІэхъус фызох. Псалъэр Налшыкщ. Ди Іуащхьэмахуэ уэс къыщесащ, фэ фымылагъуми, нывжызоІэ» - жиІэу къыщІидзэу. Ар апхуэдизкІэ зыхыуигъащІэу, дахэу къэпсалъэрти, хэхэсхэр Хэкум къыщыхутэжауэ къащигъэхъуагъэнт. Сыгупсысэрт я анэдэлъхубзэмкІэ япэу хъыбархэр щызэхахым, а дакъикъэм ди лъэпкъэгъуэм я гум щыщІар сыту пІэрэт жысІэу. Адыгэ журналистикэр езыгъэфІэкІуахэм АфІэунэ Рае зэращыщым шэч хэлъкъым. Си лэжьыгъэр абы теухуакІэ къызэрыщІыздзами срогушхуэ.

**- Лаурэ, уэ езым уи анэдэлъхубзэмкІэ узэрылажьэр сыт уи дежкІэ?**

- Сэ сызэреплъымкІэ, бзэм худиІэ лъагъуныгъэр унагъуэм дежщ къыщежьэр. Языныкъуэхэм жаІэнкІи мэхъу цІыхур зыхэтым ар елъытауэ. Абыи Іыхьэ гуэр иІыгъыу къыщІэкІынщ, ауэ нэхъыбэу лъабжьэ щыбгъуэтыр укъызэрыхъукІ унагъуэращ. СощІэж, иджыри сыцІыкІуу, адыгэбзэм седжэу сыздэщысым, си анэр къызбгъэдэтІысхьэри къызэупщІат: «Сэ фІыуэ сыкъэплъагъурэ?» - жиІэри. «НтІэ, узолъагъу», - естыжащ жэуап. «АтІэ сэ сызэрыплъагъум хуэдэ дыдэу, уи анэдэлъхубзэри фІыуэ плъагъун хуейщ» - къызжиІащ. Абдеж хьэкъыу сэ спхыкІащ ди бзэр зэрылъапІэр. Ди анэм адыгэ литературэр сыт щыгъуи фІыуэ илъагъурти, тхылъ иджыри сыкъыщемыджэфми, куэд къызгурымыІуэми, сызыбгъэдигъэтІысхьэрти, езыр къысхуеджэурэ сригъэдаІуэрт. Псом хуэмыдэжу бзэм и ІэфІыр ЩоджэнцІыкІу Алий и тхыгъэхэмкІэ абы зыхызигъэщІащ: «ЩІымахуэ жэщ», «Мадинэ», «Къамботрэ Лацэрэ» жыхуиІэхэмкІэ. Мис абдеж къыщожьэ псори, анэм узытригъэувэ гъуэгум куэд елъытауэ къысщохъу.

**- Сабийхэм папщІэ «Таурыхъищэ» нэтыным къыщыщІэдзауэ балигъхэм яхуэгъэза «ЩІэблэ узыншэ», «ЩхьэкІэмрэ лъабжьэмрэ», «ДжэгуакІуэхэр» жыхуиІэхэм щыщІэкІыжу, иджыпсту куэдым уолэжь. Сыт абыхэм нэхъ къахэбгъэщыр?**

- Нэхъыбэу тесхыр ди лъэпкъ щэнхабзэм, щІэныгъэм епхахэрщ, апхуэдэуи, зэрыжыпІауэ, сабий нэтынхэр согъэхьэзыр. МыдэкІэ цІыхухэм я псэукІэм теухуа Іуэхугъуэхэри мащІэ-куэдми къызоІэт. Ауэ нэхъыфІ дыдэу плъагъур жыпІэмэ, нэхъ спэгъунэгъур лъэпкъ щэнхабзэм ехьэлІауэ цІыхухэр къэзгъэпсэлъэнырщ. Абы щхьэхуэу яхухэхащ «ЩхьэкІэмрэ лъабжьэмрэ» нэтыныр. Ди лъэпкъым иІэ хъугъуэфІыгъуэр тхъумарэт, нэхъыбэм ахэр къащІарэт жысІэу, пщэрылъ гуэр зыхуэсщІыжа хуэдэу щытщ. Журналистым дежкІэ сыт нэхъыщхьэр?! ЦІыхур дахагъэ гуэрым хуэдунэтІын е хуэдущиин хуейщ.

**- Ди зэманым жылагъуэр сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэм нэхъ къыпэджэжрэ?**

- Гу зэрылъыстэмкІэ, иджыпсту ди цІыхур нэхъ дэзыхьэхыр лъэпкъ щэнхабзэращ. Ауэ «ЩІэблэ узыншэ» нэтыным ипкъ иткІэ, узыншагъэм зэрыхуэсакъыпхъэм дыщытепсэлъыхькІэ, куэд къыподжэж. Къэбгъэпсэлъа дохутырыр дауэ къэдгъуэта хъуну? Мы Іуэхум ехьэлІауэ хэт дызыбгъэдыхьэпхъэр? - жаІэу, нэтын нэужьым зыкъытхуэзыгъазэхэр мащІэкъым.

Нэхъ къызэгугъуэкІауэ, къыстехьэлъауэ зы нэтын иджыблагъэ згъэхьэзырат. Наркоманием и хъым ихуа щІалэ къэзгъэпсэлъат, илъэсищ-плІы хъуауэ гъащІэ узыншэм зэрытеувэжыр къыхэщу. Нэтыным къыщытІэтат ар гъуэгу пхэнж теува зэрыхъуари иужькІэ абы зэрыпэлъэщари. Абы щыщ Іыхьэ Интернет напэкІуэцІым къыщислъхьэм, сызэримыгугъауэ куэдым къысхуатхащ. Къатхыр: «КхъыІэ, фыкъыддэІэпыкъу, хэІущІыІу дымыхъуу, хэт ди щхьэр зэтхьэлІэнур?» - жаІэу. Мис апхуэдэхэм деж ди лэжьыгъэм и мыхьэнэр, зыгуэрым сэбэп дызэрыхуэхъуфынур нэрылъагъу тщещІ. ЦІыхум зымащІэ тІэкІукІэ нэхъ мыхъуми зыщІэбгъэкъуэфмэ, журналистым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ.

Зи гугъу пщІа «ЩхьэкІэмрэ лъабжьэмрэ» нэтыным ди щІэныгъэлІхэр, ди лъэпкъым и тхыдэм, щэнхабзэм теухуауэ гъэщІэгъуэн куэд зыщІэ ди нэхъыжьхэр къыхызошэ, я псалъэ нэхъыбэм зэхезгъэхарэт, жысІэу. Я зэфІэкІым, я пщІэм сыфІэлІыкІыу, къызогъэпсалъэ филологие щІэныгъэхэмкІэ докторхэр, кандидатхэр. Псалъэм папщІэ, иужьрей апхуэдэ нэтыныр тезухуащ адыгэ мамлюкхэм, абы ехьэлІауэ гъэщІэгъуэн куэд къызжиІащ УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

**- Лаурэ, анэдэлъхубзэр зыІурылъхэм кІуэ пэтми хощІ, жаІэ. Нэтыным хэбгъэтынухэр къыщыплъыхъуэкІэ, зытебгъэпсэлъыхь Іуэхугъуэхэм ехьэлІауэ, псом хуэмыдэу узыншагъэмрэ щІэныгъэмрэ къэтщтэнщи, адыгэбзэкІэ дыпэлъэщынукъым жызыІэ фрихьэлІэрэ?**

- Шэч хэмылъу. Ауэ къыхэзгъэщынут къэдгъэпсалъэ ІэщІагъэлІхэм анэдэлъхубзэр зыІурылъ куэди зэрахэтыр. Щапхъэу къыпхуэсхьынщи, иджыблагъэ дохутыр Іэзэ Хьэфиз Анзор тхьэмбыл узыфэхэм епхахэм къытхутепсэлъыхьыну ди нэтыным къезгъэблэгъати, медицинэм ехьэлІа терминхэр адыгэбзэкІэ зэрыжиІэфыр умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал имыІэу, тыншу дызэпсэлъащ.

«ЩІэблэ узыншэ» нэтыныр узыншагъэр хъумэнращ зытеухуари, абы къедгъэблагъэ дохутырхэм, я ІэщІагъэм зэрыхуэІэзэм хуэдэ дыдэу, я бзэми хуэшэрыуэу, лъэпкъ щэнхабзэми пэгъунэгъуу куэд къазэрыхэкІым урогушхуэ. Нэхъ щІалэхэм ящыщу иужьрейуэ сызэпсэлъылІар «Астра-Сфера» медицинэ щІэныгъэ институтым етІуанэ ІэщІагъэ щызэзыгъэгъуэтыж Іэпщэ Елдарщ. Абы жиІэращ: «ЦІыхур и лъэпкъ щэнхабзэм пэгъунэгъуху, нэхъ узыншэщ». Ар езым и гупсысэ къудей мыхъуу, европей щІэныгъэлІхэм къахута Іуэхугъуэу абы жеІэ. Сэ срогушхуэ си лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ мыхуэдэ цІыху гуащІафІэхэр къэсцІыхухуну Іэмал сызэриІэм.

КъищынэмыщІауэ, ди нэтынхэм къезгъэблэгъэну сфІэфІщ зи щІалэгъуэ, зи дахэгъуэ, ехъулІэныгъэ гуэрхэр зиІэхэр. ЩІалэгъуалэр адыгэбзэм пэжыжьэщ жытІэми, анэдэлъхубзэр зыщІэхэр абыхэми къащыхэкІкІэ уи гур къызэрогъуэтыж. Жанкъазий Аринэ, Щомахуэ Алёнэ, Щоджэн Дианэ - мы хъыджэбз цІыкІухэм ІэпэІэси яхэтщ, адыгэбзэми хуеджауэ ахэр щІэблэм ядолажьэри, щапхъэу дгъэлъэгъуэн хуейщ.

**- А псом къадэкІуэу, уигури уи псэри хэплъхьэу къысщохъу сабийхэм ядебгъэкІуэкІ «Таурыхъищэ» нэтыным...**

- «Таурыхъищэр» тесхыну сыщыкІуэкІэ, сылажьэу къысщыхъуркъым. Язынькъуэхэм жаІэ сабийхэм уадэлэжьэну гугъуу, ауэ си дежкІэ ар псэ гъэтыншыпІэщ, абыхэм сепсэлъэху, зызогъэпсэху. ЗэрыхъукІэ нэтыным хэзгъэжыжыркъым хэт щыуами, хэти, зэрыжаІэу, тІэкІу щхьэукъуами - зэрыщытым хуэдэу къызогъэлъэгъуэж. Апхуэдэ дакъикъэхэращ «къозыгъэлъагъунур» абыхэм я «дунейр». Пэжщ, ди жагъуэ мэхъу адыгэбзэкІэ уэрсэру дэтхэнэри зэрымыпсэлъэфыр. ИтІанэ, гу зэрылъыстэщи, ІуэрыІуатэм щыщ псысэхэмрэ таурыхъхэмрэ нэхъ къатохьэлъэ. Ауэ тІэкІу уадэлажьэмэ, ахэри къащтэжыну, къагурыІуэну къысщохъу. Псэущхьэхэм ятеухуахэр зыхалъхьэ щымыІэу апхуэдэщи, хуэмурэ абыхэм адыгэбзэкІэ зэреджэр къыдогъэщІэж. Пэжыр жысІэнщи, иджыпсту согупсыс мы сабий нэтынхэр нэгъуэщІ щІыкІэу бгъэпс зэрыхъунум.

**- Лаурэ, сыт хуэдэ хъуэпсапІэхэр, мурадхэр къэкІуэнум уиІэ?**

- Сэ сыщыпсэур Аруан къуажэращ. ЩэнхабзэмкІэ унэ, курыт еджапІэ дэтщ, ауэ сохъуапсэ сабийхэр зэджэхэм къадэкІуэу, щІэщыгъуэу зыщаужьыну зы ІуэхущІапІэ дэтарэт жысІэу. Зэманым къигъэлъэгъуэнщ.

**- «Зыхуэбгъэфащэр уи фащэу» жиІэу тетщ уи Интернет напэкІуэцІым. Ар уи гъуазэу ара?**

- Мыр ауэ сытми псалъэ дахэу къэсхьакъым. Си дежкІэ абы и купщІэр куущ, си анэми си анэшхуэми, уи щхьэм, уи лъэпкъым хуэмыфэщэн зэи умыщІэ, къызжаІэу щытащи. Сыт хуэдэ Іуэху сыпэрымыхьэми, а псалъэхэр си гъуазэщ.

**- Упсэу, Лаурэ. Уи лэжьыгъэм и хъер плъагъуу уи ІэнатІэм упэрытыну сынохъуэхъу.**

*Епсэлъар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

---

**Адыгэ сурэтыщІ цІэрыІуэ, гъуазджэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна Маргъущ Анатолэ псэужамэ, и ныбжьыр щэкІуэгъуэм и 21-м илъэс 75-рэ ирикъунут.**

# СурэтыщІ лъэужьыфІэ

● Фэеплъ



МАРГЪУЩ Анатолэ 1951 гъэм Къыргъызстаным и Маилису къалэм къыщалъхуащ. 1974 гъэм къиухащ Москва щыІэ текстиль институтым декоративно-прикладной гъуазджэхэмкІэ и факультетыр. УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ 1978 гъэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм и къалэхэм и лэжьыгъэхэр мызэ-мытІэу щагъэлъэгъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр зэрыгушхуэ художник цІэрыІуэ куэдми хуэдэу, Анатолэ пасэу дихьэхат сурэт щІыным, зыми абы хуримыгъэджами. ТІэкІу къыщыдэкІуэтейм, ар щеджащ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм сурэт щІыным щыхуэзыгъасэу, пщІэшхуэ зиІэу щыта Ткаченкэ Андрей и деж. Гъуазджэм лъагъуныгъэ ин хузиІэ и егъэджакІуэм ар нэхъри сурэт щІыным дригъэхьэхат.

СурэтыщІым къыщІэна лэжьыгъэ купщІафІэхэр теухуащ ди щІыналъэм и щІыуэпс къулеймрэ абы щыпсэу цІыхухэмрэ. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ гъэм и зэманхэм щІыуэпсым зэрызихъуэжыр, ІуэрыІуатэм щыщ теплъэгъуэхэм къытрищІыкІахэр къызэрыщ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр. И сурэт нэхъыщхьэхэм ящыщщ «Рассвет над Нальчиком», «Уносящие горы», «Туры в горах», «Времена года», «Художница ночи», нэгъуэщІхэри. Нэхъыщхьэращи, абы и лэжьыгъэхэм гупсысэ ящІэлъщ, дэрэжэгъуэ къуат. Ар зи лэжьыгъэхэр ІэзагъкІэ псыхьа, зи хъэтІ зиІэж сурэтыщІт.

Маргъущым псом хуэмыдэу къехъулІауэ къалъытэ Тюмень къалэм и Гуащэ театрым, Налшык щэкІ щызэІуащэ и фабрикэм, Москва къалэм и ЦУМ-м яхуищІа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр. 1951 гъэм Анатолэ и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Структура произведения изобразительного искусства» тхылъыр. Ар къагъэсэбэп еджапІэ нэхъыщхьэхэм я живопись факультетым щІэс студентхэр щрагъаджэкІэ.

Анатолэ и лъагъуэм ирикІуэжащ абы и къуэ, УФ-м и СурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм хэт Маргъущ Залым. Мы зэманым ар Санкт-Петербург къалэм щопсэу, и адэм и ІэщІагъэ дахэм пищэу.

Маргъущ Анатолэ лъэужьыфІ къигъэнащ. СурэтыщІыр ящыгъупщэркъым и унагъуэм, и лэжьэгъухэм, гъуазджэм и цІыхухэм, и сурэтхэр зигу дыхьэхэм. Абы и щІэинхэр цІыхухэм яхъумэху, абыхэм еплъыху и цІэри ягу ихунукъым.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

---

# ЩІыналъэхэм я зэпыщІэныгъэр зыгъэбыдэ

**Мурманск къалэм и щІалэгъуалэ центрхэм щагъэлъэгъуащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щэнхабзэм, лъэпкъ бзылъхугъэхэм я гъащІэм теухуа «Настоящая» документальнэ фильмыр. «Волонтёры культуры» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм «Добро. Медиа» ІуэхущІапІэм и гъусэу лэжьыгъэр игъэхьэзыращ, Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хыхьэу. Мурманск и мызакъуэу, фильмыр щагъэлъэгъуащ Архангельск, Магнитогорск, Сургут щІыналъэхэм, Новосибирск, Сочэ къалэхэм.**

МУРМАНСК областым и сабий-ныбжьыщІэ библиотекэ Махаевэ В. П. и цІэр зезыхьэм щагъэлъэгъуащ «Настоящая» документальнэ фильмым и етІуанэ сериер.

Фильмым я гъащІэм щытопсэлъыхьыж бзылъхугъиплІ - илъэс 12 хъу хъыджэбз цІыкІум деж щыщІэдзауэ илъэс 86-рэ хъу цІыхубзым деж щыщІэкІыжу. Абыхэм лъагъуныгъэрэ хуабагъкІэ гъэнщІа я гъащІэ гъуэгуанэм щыщу фильмым къыщаІуэтэж хъыбархэр теухуащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щэнхабзэ гъащІэм, нэхъыжьхэм я Іущыгъэм, къызыхэкІам пщІэ зэрыхуащІым, я бынхэр хабзэхэм зэрыщІапІыкІым, лъэпкъ щІэинхэр хъумэным халъхьэм, нэгъуэщІхэми. Абы къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэ е балъкъэр бзылъхугъэр иджырей гъащІэм зэрыхэпсэукІыр: унагъуэр, хабзэр зехьэным, анэдэлъхубзэр, ІэпщІэлъапщІагъэр, лъэпкъ фащэр хъумэным, нэхъыжьым пщІэ хуэщІыным зэрыпэлъэщым, цІыхубзхэм унагъуэм, лъэпкъым хуаІэ пыщІэныгъэм мы зэманым иІэ мыхьэнэм. Гупсысэ нэхъыщхьэу фильмым къыщыгъэлъэгъуам и гугъу пщІымэ, щэнхабзэр музейм щызэрахьэ мыхъуу, иджырей щыІэкІэ-псэукІэм и Іыхьэу зэрыщытырщ.

Фильмыр иуха нэужь, абы еплъахэр тепсэлъыхьащ ар къазэрыщыхъуам, зыщІэупщІахэри мащІэкъым.

Белгород къалэм щыщ, щыцІыкІум и унагъуэм и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуа, фильмыр щагъэлъагъуэм ирихьэлІэу Мурманск щыІэу ирихьэлІа Зимина Еленэ къытеувыІащ фильмым щилъэгъуа Іуащхьэмахуэ лъапэм, Гуэл щхъуантІэхэм, псыкъелъэхэм, щІыуэпсым, хабзэхэм, дауэдапщэхэм, къафэхэм, уэрэдхэм, фащэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІа хуэдэу къызэрыщагъэхъуам, ар къызэрымыкІуэуи гуапэ зэрыщыхъуам. Абы зэхуэсахэм захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри щымыІахэр кІуэуэ Іэмал имыІэу щІыналъэ телъыджэр зрагъэлъагъуну.

Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм исхэу «Настоящая» фильмым еплъхэр хегъэгъуазэ республикэм и тхыдэ щІэинхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ. Псом хуэмыдэу Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым мыпхуэдэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэ яІэщ, нэгъуэщІ лъэпкъхэм я щэнхабзэм, лъапІэныгъэхэм, хабзэхэм пщІэ хуэщІын зэрыхуейр дигу къагъэкІыжу. Ди къару нэхъыщхьэр дызэрызэмыщхьырщ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

---

# Блашэм яІуощІэ



**Колумбием и Картахенэ къалэм кикбоксингымкІэ щекІуэкІа дунейпсо чемпионатым и дыщэ медаль къэзыхьа Блашэ Темырлан мэрем кІуам КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм щыІущІащ республикэм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм. Ар журналистхэм яхутепсэлъыхьащ зыхэта зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІам, зэІущІэхэм зэрыщехъулІам, къыпэщылъ къалэнхэм, нэгъуэщІхэми.**

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, УФ-м и командэ къыхэхам хэту Блашэ Темырлан чемпионатым щызэуащ килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж «фулл-контакт» унэтІыныгъэмкІэ. Дыщэ медалым хуэкІуэн папщІэ, абы зэІущІищ иригъэкІуэкІащ икІи зэкІэлъхьэужьу и гъуэгу тригъэкІуэтащ Мексикэм, Бразилием, Аргентинэм я спортсменхэр. Ди щІалэм и ехъулІэныгъэм къыдэкІуэу, УФ-м спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ и мастерым и цІэ лъапІэри къыфІащащ.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур икІи жиІащ Блашэ Темырлан илъэс куэдкІэ и текІуэныгъэ лъагэм зэрыхуэкІуар, къарурэ зэманрэ абы зэрытригъэкІуэдар, тренер лъэщхэр къызэрыдэІэпыкъуар.

Иджы екІуэкІа чемпионатым ди къэралым и спортсменхэм Іэмал яІащ я ныпым щІэту зыкъагъэлъэгъуэну, гимныр я щІыхькІэ кърагъэуэну. Ар къыхигъэщащ КъБР-м кикбоксингымкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Къудей Алим. ЖиІащ, дунейпсо утыкум ихьэну ди спортсменхэм къыщыпаубыда илъэсхэм, ахэр жыджэру урысейпсо зэпеухэм зэрыхэтар, я зэфІэкІхэм зэрыхагъэхъуар, я зэманыр къыщысынум зэрыпэплъар.

Блашэ Темырлан и текІуэныгъэм щытепсэлъыхьым Къудейм жиІащ балигъхэм я деж зыкъыщигъэлъэгъуэн зэрыригъажьэрэ УФ-м и командэ къыхэхам и тренерхэр абы къызэрыкІэлъыплъар. Иджырей и текІуэныгъэмкІи абыхэм я дзыхьыр зэригъэпэжар.

Блашэ Темырлан зэхьэзэхуэ зыхэтар игу къыщигъэкІыжым жиІащ зэпІэзэрыту зэрызиІыгъар, щхьэпщтырагъэ къыхимыгъэхьэу утыкум зэритар, текІуэныгъэм ерыщу зэрыхущІэкъуар.

«Зэрыхабзэу, япэ зэІущІэр псом нэхърэ нэхъ гугъущ сыт щыгъуи. Псом хуэмыдэу дунейпсо чемпионатым. Сэ япэу къыспэщІэхуащ Мексикэм икІа щІалэр. Хьэрхуэрэгъу гугъусыгъу жыхуаІэм хуэдэт, зы дакъикъэ и пІэм итыртэкъым, абы щхьэкІи, къэбубыдыну тынштэкъым. ЕтІуанэ, ещанэ зэхьэзэхуэхэм си гушхуэныгъэр щынэхъыбащ», - жиІащ абы.

Колумбием кІуэн ипэкІэ УФ-м и командэ къыхэхам егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсу щы иригъэкІуэкІащ. Япэр, Кисловодск къалэм махуэ 20-кІэ щызэхэтащ. ЕтІуанэр, Сочэ къалэ гъэмахуэм щрагъэкІуэкІащ. Ещанэр, Мэзкуу областым щыІэ Алексинэ къуажэрщ. ИужькІэ, тхьэмахуитІ зэрыдэкІыу, ахэр чемпионатым лъэтащ.

Апхуэдиз зэманкІэ ерыщу зызыгъэхьэзыра ди спортсменым абы щытекІуэн фІэкІа нэгъуэщІ зыри къахуэнэжыртэкъым, жеІэ Блашэм. Ауэ езым Колумбием щыхузэфІэкІам и иныгъыр щызыхищІар иужькІэщ. Абдежым къыщыувыІэн муради иІэкъым икІи и текІуэныгъэр ихъумэжын щхьэкІэ, нэхъ ерыщыжу зигъэсэнущ. Къэпхъыныр зырикІщ, ар пхуэхъумэжмэщ - ущылъэщыр, жеІэ абы.

ЗэІущІэм и кІэм Хэжь Заур чемпионым зыхуигъэзащ:

«Дунейпсо утыкушхуэм уи цІэр щыбгъэІуащ. Иджы адрейхэр уэ къыбдэплъеинущ, щапхъэ абыхэм къыптрахынущ. ПхузэфІэкІамкІэ уарэзыуэ укъэмыувыІэжыну, нэхъ жыжьэ укІуэтэну, спортым и лъагапІэ нэхъ инхэр къэпщтэну сынохъуэхъу».

**КЪУЭЖЕЙ Алим.**

---

● УФСБ-м къет

### Тхылъ нэпцІ къигъэсэбэпырт

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, Урысей МВД-м и ВОГОиП-м я лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ гъунэгъу щІыналъэхэм я зым щыпсэу, илъэс 37-рэ зи ныбжь цІыхухъум илэжь хабзэншагъэр. Абы къигъэсэбэпырт шынагъуэншагъэмкІэ органхэм я лэжьакІуэм и тхылъ нэпцІыр.**

ДЗЭЛЫКЪУЭ район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм, 327-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэхэмкІэ. Абы ямыгъэтІысу илъэси 3-рэ мази 4-рэ тралъхьащ, къуэдыи ирагъэпшыну.

### Іулъхьэ иритащ

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыу, «СЗ НЗСМ» ІуэхущІапІэм и унафэщІ Хьэбжокъуэ А. М. зэрихьэ хабзэншагъэр къызэпаудащ.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, коммерческэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым «Ростехнадзор»-м и лэжьакІуэм Іулъхьэ иритащ, Налшык къалэм и спорт ІуэхущІапІэхэм я зыр газ щІэшэнымкІэ зэгурыІуэныгъэ тхылъхэм Іэ щІригъэдзын папщІэ.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам итпкъ иткІэ, ар къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 291-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэр илэжьауэ. Абы ямыгъэтІысу зы илъэсрэ мази 6-рэ тралъхьащи, зыщІэгупсысыжыну зэман иІэщ.

### ФадэхэкІхэр къытрах

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ Шэджэм районым щыпсэу цІыхуищыр фадэхэкІ нэпцІхэр игъэкІыным зэрыпыщІар. Абыхэм къытрахащ федеральнэ маркировкэхэр зытемылъ, ящэным хуэхьэзыр кумбыгъэ мини 2,7-м щІигъу.**

УГОЛОВНЭ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м 171.1 статьям и 6-нэ Іыхьэм и «а», «б» пунктхэм япкъ иткІэ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 6-м нэскІэ ягъэтІыс.

---

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.101
Заказыр №2567

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

**МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ**, корректорхэу **ПхытІыкІ Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.